**ब्रह्मा brahmā** *n* ओ देवता जे सृष्टि करैत छथि, प्रजापति, विधाता। God the Creator. **ब्रह्माणी** *f*.

**ब्रह्माण्ड brahmāṇḍa** *n* 1. ब्रह्मा द्वारा सृजित विशाल अण्डा जाहिसँ संसार उत्पन्न भेल। the great egg of myth created by ब्रह्मा from which this universe sprung out. 2. विश्व। universe, cosmos.

**ब्रह्मास्त्र brahmāstra** ब्राह्मणद्वारा वा ब्रह्माद्वारा प्रेरित अस्त्र जे कहिओ विफल नहि होइत अछि, प्रबलतम अस्त्र। missile hurled by ब्राह्मण/ब्रह्मा।

**ब्रह्मोत्तर brahmōttar** *n* ब्राह्मणकेँ प्रदत्त कर-मुक्त भू-सम्पदा। tax free land donated to Brahman.

**ब्राह्म brāhma** *adj* ब्रह्मा/ब्रह्मणसम्बन्धी। relating to Brahma/Brahman. ~ **मुहूर्त** *n* रातिक अन्तिम पहर। last quarter of night.

**ब्राह्मण brāhmaṇ** *n* 1. वैदिक समाजक चारि वर्गमे एक जकर कार्यक्षेत्र धर्म ओ विद्या छल। one of the four classes of Vedic society devoted to learning and religion. 2. वेदक व्याख्यात्मक भाग। explanatory appindices to Vedas. **ब्राह्मणी** *f*.

**ब्राह्मी brāhmī** *n* एक प्राचीन लिपि। an ancient script.

## भ

**bh** वर्णमालाक 24म व्यञ्जन। 24th consonant of alphabet.

**भउ bha-u** *obs vi pt* भेल। became.

**भओगर bhaogar** [भाओ-] *adj* अधिक भाओ (दर) बाला, महग। high-rate, dear.

**भओना bhaonā** *n* घओना। wail.

**भओंरा bhaōrā** [भ्रमर] *n* भमरा। black bee.

**भक bhak** *n* 1. आँखिक क्षणिक झपनी। nap. 2. निद्रा/निसाँसँ क्षणिक अज्ञानावस्था, विभ्रम। trance due to intoxication/sleep. **-इजोत** *n* चञ्चल प्रकाश। twinkling light. ~ **खाएब** *vt* क्षणिक विभ्रममे पड़ब। lose sense for a moment. ~ **दए** *adv* अचानक प्रकाशक सङ्ग। in a flash. ~ **लागब** *vi* औंघाएब। feel drowsiness.

**भकचक bhakchak** *n* विस्मय, अकचक। dismay, astonishment. **भकचकाएब** *vi*.

**भकचब bhakchab** *vt* दकचब। scratch.

**भकचोन्हर bhakchānhar** *adj* मन्ददृष्टि, मन्द-बुद्धि। absent-minded, blunt *(der)*. **भकचोन्ही** *n* दृष्टि-विभ्रम। blurred vision.

**भकजोगनी bhakjognī** [ज्योतिरिङ्गिणी] *n* एक कीड़ा जकर नाङड़िमे भुकभुक इजोत होइत रहैत अछि। fire-fly.

**भकड़ा bhakṛā** *adj* धानकेँ गौरि बनाओल (चाउर/चूरा)। *See* भकुआ।

**भकड़ार bhakṛār** *adj* प्रफुल्ल, पूरा फुलाएब। well-blossomed, full-blown.

**भकतुम्मा bhaktummā** *adj* ठकुआएल। stunned.

**भकभक**[1] **bhak-bhak** *adj* भुक-भुक, क्षण-क्षण तेज-मन्द होइत (प्रकाश)। twinkling (light).

**भकभक**[2] *n* त्वचाक ज्वलन। burning sensation in skin. **भकभकाएब** *vi* 1. त्वचामे जरनि होएब। suffer burning sensation in skin. 2. खौंझाएब। be irritated. **भकभकी** *n*.

**भकमोड़ bhak-moṛ** *n* अलक्ष्य टेढ़ बाट। blind turn of road.

**भकलोल bhaklōl** *adj* मूर्ख। fool.

**भकसब bhaksab** [भक्ष-] *vt* आतुरतापूर्वक झटझट बहुत खाएब। guzzle, devour *(der)*.

**भकसी झोंकब bhaksī jhõkab** *vt* 1. भट्ठीमे जारनि भरब। feed oven with fuel. 2. भट्ठीमे दए जराए देब : एक प्रकारक मृत्युदण्ड। *(fig)* kill by throwing into oven as a death punishment.

**भकाएब bhakāeb** *vt* कौड़ी/सिक्का उछालि निर्णय करब। decide chance by tossing.

**भकुआ bhakuā** *adj* पानिमे धान सड़ाए कुटल गेल (चाउर) जकर भात किछु महकैत अछि। (rice) prepared of oversoaked paddy which gives foul smell when cooked.

**भकुआएब bhakuāeb** *vi* भकमे पड़ब, निद्राक वा निसाँक वेगेँ मन्द/चेतनाशून्य-जकाँ होएब। wear a dull/drowsy face.

**भकुरमुह bhakurmuh** *adj* भाकुर माछक सन पैघ मुख-विवर बाला। having wide mouth like that of भाकुर fish *(der)*.

**भकोभण्ड bhakōbhaṇḍ** *adj* उजड़ल-पुजड़ल, दुर्दशापन्न (स्थान)। jumbled and forlorn (place).

**भकोसब bhakōsab** *See* भकसब।

**भक्का bhakkā** *n* भाफमे सिझाओल खुद्दीक भात। a dish of broken pieces of rice boiled by vapour. *adj* छुबैत देरी भभरि गेनिहार, भङ्गुर। crumbling.

**भक्को bhakko** *n* तमाकूक बान्हल गाँठ। bundle of tobacco leaves along with stems.

**भक्त bhakta** *adj* 1. श्रद्धावान्, अनुगत, अनुरागी। devotee. 2. विभक्त, बाँटल। divided, separated. **भक्ति** *n* आराध्य (ईश्वर)मे अनन्य परम अनुराग। devotion.

**भक्ष bhaksa** [भक्ष्य] *n* आहार, भोजन, खाद्य पदार्थ। food, diet. **भक्षक** *adj* 1. खएनिहार। one who eats. 2. नाशक, शोषक। *(fig)* who devours, exploiter. **भक्षण** *n*. **भक्ष्य** *adj* 1. आहार, खएबाक वस्तु। edible, diet. 2. एहन खाद्य पदार्थ जे खाएब शास्त्रमे अनुमत/परिगणित अछि, जेना मूर भक्ष्य थिक, किन्तु गाजर अभक्ष्य। anything allowed to be eaten by tradition.

**भखब bhakhab** [भाष-] *vt* बाजब, विशेषत: अनिष्टाशङ्काक बात। utter, speak out, *spl* of any untoward apprehension.

**भखरब bhakhrab** *vi* लसिक अभावमे बान्ह (संसक्ति) घटलापर शिथिल होएब। pulverize, be slack/decomposed due to moisture. **भखरा** *adj* धानकें सड़ाए कुटल (चाउर)। (rice) processed of rotten paddy. **भखराइन** *n* भखरल-सन गन्ध। smell of rotting.

**भखिऔटी bhakhiauṭī** [भाषा-] *adj* मौखिक (संवाद)। verbal (message).

**भग bhag** *n* महिलाक जननेन्द्रिय। vagina, vulva.

**भगजोगनी bhagjognī** *See भकजोगनी।*

**भगत bhagat** *adj* भक्त (द्र)। **भगता** *n* 1. ग्राम-देवताक नियत पूजक। priest of folk deity. 2. भाओ खेलएनिहार, एहन भक्त जनिका शरीरमे आराध्य देवता अबैत छथि आ रोगीक गोहारि करैत छथि। sorcerer who invites his deity in himself and treats patients while being possessed. **भगति** *n* भक्ति। devotion. **भगतिआ** *See भगता* (2). **भगतिनि** *f*. **भगतै** *n* भगताक व्यवसाय, भाओ खेलाएब। practice of sorcery.

**भगन bhagan** [भग्न] *adj* टूटल, फूटल, क्षतिग्रस्त। broken, damaged.

**भगन्दर bhagandar** *n* बबासीर, अर्श। piles. Also **भगन्नर**।

**भगबतिआ bhagbatiā** *n* श्रीमद्भागवत महापुराणक पाठ आ प्रवचनक व्यवसायी। one who recites and expounds the भागवत महापुराण as his profession.

**भगबा bhagbā** *n* कौपीन, धरिआ। loin napkin.

**भगल bhagal** *n* व्याज, छद्मचेष्टा, बनौआ दशा। feigned appearance, pretention. **भगलिआ, भगली** *adj* भगल कएनिहार। imposter.

**भगवत्° bhagbat°** *w* of *भगवान्।*

**भगवती bhagbatī/°battī** *n* देवी, ईश्वरी, विशेषत: आदिशक्ति दुर्गा आदि तान्त्रिक देवी, गोसाउनि। goddess, female deity *spl* of Tantric cult.

**भगवान् bhagbān** *n* ईश्वर, प्रभु, देव। god. *adj* प्रभु। lord, possessing divine power.

**भगाएब bhagāeb** [*cau* of भागब] *vt* बैलाएब। drive away, dispel.

**भगिनमान bhaginmān** *n* मामाक गाममे सादर बसाओल गेल/बजाओल गेल भागिन ओ हुनक सन्तति। one residing in the native village of his maternal uncle.

**भगिना bhaginā** *See भागिन।*

**भगिनि° bhaginī°** [*w* of भगिनी] *n* बहिनि। sister. **°जमाए** *n* बहिनिक बेटीक पति। sister's daughter's husband. **°पुतोहु** *n* बहिनिक बेटाक स्त्री। sister's son's wife.

**भगिनी bhaginī/bhaigni** [भागिनेयी] *n* 1. बहिनिक बेटी। sister's daughter. 2. (in Skr.) बहिनि। sister. *Cf* **भगिनि°**।

**भगुआ bhaguā** *n* पड़ौआ। runaway, fugitive, deserter.

**भग्न bhagna** *adj* टूटल, फूटल, खण्डित, उजड़ल। broken, dilapidated. **भग्नावशेष** *n* खँड़हर, प्राचीन भवनक ढहल-ढनमनाएल अवशेष। ruins.

**भङ° bhaṅ°** [*w* of भाङ] *n* भाङ। bhang, hemp used as an intoxicant. **°घोटना, °घोटा** *n* भाङ घोटबाक काठक लोढा-सन डण्टा। wooden pestle for pounding hemp. **°पीबा** *adj* भाङक लतिबाला। addicted to bhang.

**भड्ठब bhaṅṭhab** [भाङठ] *vi* बाधासँ ग्रस्त होएब, बिगड़ब, अकार्यक होएब। go out of order; be deranged/obstructed. **भड्ठा** *n* भाङठ, बाधा। obstruction. **भड्ठाह** *adj* बेरि-बेरि भड्ठएबाला। going out of order now and then. **भड्ठी** *n* मोरम्मति। repair.

**भङ्तराह bhantarāh** *adj* 1. बेरि-बेरि भङ्ठएबाला। apt to being deranged. 2. विक्षिप्तप्राय, सनकी। eccentric, whimsical.

**भङरिआ bhanṛiā** [भृङ्गराज] *n* एक वनौषधि। a herb: *Eclipta Prostata.*

**भङेड़ी bhanēṛi** *adj* भङ्पीबा। addicted to bhang.

**भङ्ग bhang** *n* 1. टुटनाइ। breakage, fracture. 2. विघटन। dissolution, demolition, disruption. 3. उल्लङ्घन, अपालन। breach, transgression. 4. वक्रता। curve, bend. 5. लूरि। skill, device. **भङ्गिमा** *n* 1. वक्रता। curvature. 2. छवि, छटा, शोभा। countenance, gesture, appearance; Also **भङ्गी**। **भङ्गुर** *adj* तनुक। brittle.

**भच्छ bhachchha** *See भक्ष।*

**भजन bhajan** *n* 1. स्तुति, पूजा। prayer, worship; praise. 2. भक्तिगीत। devotional song, anthem. **भजनिआ** *n* 1. भजन गओनिहार। anthemist. 2. नाच ओ नाटकमे गायक-वादकक मण्डली। orchestra in dance and drama.

**भजब bhajab** *vt* देवताक/राजाक पूजा-आराधना करब। worship, propitiate, serve. *vi* 1. पैघ मानक एक मुद्राक छोट मानक अनेक मुद्रामे बदलल जाएब। (said of currency) be changed into smaller denominations. 2. बिल, चेक आदिक बदला नगद टाका प्राप्त होएब। be encashed.

**भजरब bhajrab** *vi* सम्मिलित भए चलब, डघरब, बहटब। move in group. *Cf भजार।*

**भँजहरिआ bhāj-hariā** [भाँज-] *n* सहकारी। partner.

**भजहा bhaj-hā** *n* एक पशु-रोग। a cattle disease.

**भजाएब bhajāeb** [*cau* of भजब] *vi* 1. छोट-छोट मानमे बदलब। change coin into smaller ones. 2. अनुचित प्रतिफल पाएब। get undue advantage.

**भजार bhajār** [भाँज-] *n* 1. सहकर्मी, भँजहार। colleague, partner. 2. मित्र, वयस्य, समवयस्क। comrade, friend. 3. नापक नमूनाक हेतु देल गेल पहिरन। specimen as to size.

**भजारब bhajārab** *vt* प्रयोग कए मापक जाँच करब। check for size by comparision/use.

**भँजिआएब bhājiāeb** [भाँजि-] *nvt* 1. भाँजि लगाएब, सूत्र धए मूलान्वेषण करब। pursue, get भाँजि "clue", trace out. Also *pass vi.*

**भँजैत bhājait** [भाँज-] *n* भाँजक लोक, सहकर्मी। colleague, partner. **भँजैती** *n* सहकारी व्यवस्था। cooperative engagement.

**भयुह bhayūh** *obs n* भौंह। brow.

**भञ्जक bhanjak** *adj* तोड़निहार, फोड़निहार। breaker. **भञ्जन** *n*. **भञ्जित** *adj* तोड़ल। broken. *n* खुदरा। small coins.

**भट bhaṭ** *adj* पट, उतान भए खसल। fallen upside down. ~ **दए** *See भटाक दए। int* निषेध, तर्जन आदिक द्योतक। Denotes warning, forbiddence etc. *n* सेना। army.

**भट° bhaṭ°** [भ्रष्ट] *adj* निकृष्ट; जङली। of inferior/wild variety. *See* below.

**भटकटारी bhaṭkaṭāri** *See भटकटैआ।*

**भटकटैआ bhaṭkaṭaiā** *n* पीअर फूल बाला ठढ़का कटगैनी। a seasonal herb; *Solanum xanthocarpum.*

**भटकब bhaṭkab** *vi* 1. उन्मार्ग चलब, भोतिआएब। go astray, wander. 2. विस्मरणक कारणें चिन्हबामे शङ्कित होएब। be at a loss in recognising a person. **भटक** *n.*

**भटका bhaṭkā** *n* पटका, बजरा। knock-down, throw.

**भटकाएब bhaṭkāeb** *cau* of *भटकब।*

**भटतितीर bhaṭ-titīr** *n* तितीरक एक प्रभेद। a variety of partridge.

**भटपुरैनि bhaṭpuraini** *n* पुनर्नवा (*q.v.*).

**भटबड़ bhaṭbaṛ** *n* भाटाक बड़, पिठार लगाए तरल भाटाक चक्का। fried slice of brinjal.

**भटबाँस bhaṭbās** [भ्रष्टमाष] *n* एक लता। a creeper, soya bean; *Phegiolus radiatus.*

**भट-भट bhaṭ-bhaṭ** *ono* नार, ढेप आदि खसबाक ध्वनि। thud.

**भटभेर bhaṭbhēr** *n* भिरखा, स्पर्शसँ खाद्यवस्तुक छुतब। contamination of food.

**भटमास bhaṭmās** *See भटबाँस।*

**भटमाह bhaṭmāh** *adj* (शिशु) जकर जेठ मरि-मरि गेल हो। whose elders died premature.

**भटमेर bhaṭmer** *adj* अनेक प्रकारक मिश्रणबाला (अनाज)। (foodgrains) mixed with different varieties.

**भटरङ bhaṭran** *adj* भाटा-सन पानर बैंगनी रङ्गबाला। reddish violet.

**भटाक दए bhaṭāk dae** *ono adv* भटाक शब्दक सङ्ग (खसब)। (fall) with a thud.

**भटोत्तर bhaṭottar** *n* भाटकें देल गेल भूमि। free hold land granted to bard.

**भटौड़ी bhaṭauṛī** *n* भाँटाक बड़ी। small lump of lentil containing brinjal pieces.

**भट्ट bhaṭṭa** *n* एक उपनाम, जे पूर्वमे मीमांसक होएबाक सूचक छल। a surname formerly held by pandits of मीमांसाशास्त्र। **-बलाध्यक्ष** [VR] *n* सेनाक एक टुकड़ीक प्रमुख। chief of a battalion.

**भट्टा bhaṭṭā** *See भाँटा।*

**भट्ठा bhṭṭha** [भ्राष्ट्र] *n* 1. आबा। kiln, oven. 2. कोमल माटिक ढेप जाहिसँ बच्चा अक्षर लिखब सिखैत छल। a lump of soft clay formerly used by children for learning alphabet, chalk. **~ धरब** *vt* कोनो काज सिखनाइ आरम्भ करब। start to learn. 3. धूराबाला जगह जतए तप्त धातु सराओल जाइत अछि। a layer of dust where smiths cool their hot metal. 4. [भ्रष्ट] नीच दिसक स्थान (विशेषत: नदीक अनुप्रवाह दिसक)। down-stream. 5. (पङ्क्तिमे) गौण स्थान। (in gradation) lower side. *opp सीरा।*

**भट्ठी bhaṭṭhī** [भ्राष्ट्रिका] *n* 1. पैघ चूल्हि जाहि पर दारू चुआओल जाइत छल; दारू बनएबाक कारखाना, मदिरालय। distillery, tavern, wineshop. 2. धोबिक चूल्हि। washerman's oven. **-खाना** *n* मदिरालय। wine shop. **°दार** *n* मद्य बनएबाक/बेचबाक लाइसेन्स बाला। wine dealer.

**भठब bhaṭhab** [भ्रष्ट-] *vi* नीचाँ दिस ससरब, कुमार्ग दिस प्रवृत्त होएब। sink, go downward.

**भठिआर bhaṭhiār** [भाठि-] *n* भाठि दिसक स्थान; अधम लोकसभक बस्तीबाला प्रदेश। lower level locality, area inhabited by lower grade people.

**भठिआरी bhaṭhiārī** *n* भट्ठीखाना। wine shop.

**भँड़° bhāṛ** [*w* of भाड़, भाण्ड] *n See* below.

**भड़क bhaṛak** *n* मिथ्या आडम्बर। false show, pomp, grandeur. **-ताली** *n* मिथ्या भय-प्रर्दशन। bluff. **°दार** *adj* चमक-दमकबाला, आडम्बरपूर्ण। splendid, pompous, gaudy.

**भड़कछ bhaṛkachh** *n* 1. कटिबद्ध होएबाक भाव। tightening of belt, preparedness. 2. पुरुष-वेषधारी महिलाक विनोदमय नाच जे विशेषत: विवाहक अवसर पर होइत छल। a farcical dance and drama performed by only women *spl* in wedding celebration. 3. कच्छी। waist band. **~ बान्हब** *vt* फाँड़ बान्हब, लड़बा लेल तैआर होएब। become ready to fight.

**भड़कब bhaṛkab** *vi* 1. (गाए-बड़दक) डरसँ पड़ाएब वा चञ्चल होएब। startle, be frightened. 2. प्रज्वलित/तेज होएब। flare up, blaze. 3. चकित/विस्मित होएब। astonish. **भड़काह** *adj* भड़कबाक स्वभाव बाला। skittish, of startling nature. **भड़की** *n*. **~ देब** *vt* भय देखाएब। bluff.

**भड़काछ bhaṛkāchh** *See भड़कछ।*

**भड़काह+ bhaṛkāh+** *See* under *भड़कब।*

**भँड़कुइ bhāṛkui** [भाण्डकूपिका] छोट पाटबाला कूप। well having lining of burnt clay rings.

**भड़कुस bhaṛkus** *adj* ध्वस्त, भग्न, चूर-चूर। smashed to pieces. Also **भड़कुस्सा।**

**भँड़छब bhāṛchhab** *vi* जिह्वालोलुपताक कारणें मन छुछुआएब। wander in greediness.

**भँड़छुलाह bhāṛchhulāh** *adj* एहन छुलाह जे भाँड़हि परसँ खाए लागए। one who out of greed starts eating in kitchen itself. Also **भँड़छूह, भँड़दुलाह।**

**भँड़फोड़ी bhāṛphoṛī** [भाँड़ फोड़ब] *n* द्विरागमनक चारिम दिनक एक विधि। a ritual held on the fourth day of bride-coming: presenting.

**भड़भड़ाएब bhaṛbhaṛāeb** *ono vi* मोटर इंजिन जकाँ ध्वनि करब। make sound like motor engine.

**भँड़सार bhāṛsār** [भाण्डशाला] *n* भण्डार-घर। store-house.

**भँड़हर bhāṛhar** *n* 1. फूटल वा छूतल भाँड़ फेकबाक स्थान। place where broken earthen utensils are thrown away. 2. काजमे लागल पवित्र घैल। kitchen pitcher; *opp छुतहर।*

**भड़हर bhaṛ-har** *n* तट कटएने बनल ढार तल। steep formed by erosion.

**भँड़हा bhāṛ-ha** *adj* भाँड़क उपयुक्त। fit to use as a cooking pot.

**भँड़ार bhāṛār** [भाण्डागार] *n* अन्न आदि सञ्चित करबाक घर; *भण्डार* सेहो देखू। store-house, *spl* kitchen store. **-कोन, -कोनी** *n* वायव्य कोण। north-west direction. **भँड़ारी** [भाण्डागारिक] *n* भँड़ारक प्रभारी। store-keeper.

**भड़ाँस bharās** *n* लालसा। lust.

**भड़ुआ bharuā** [भाड़ "service charge"] *n* जीविकार्थ वेश्या रखनिहार, वेश्या-परिवारक प्रधान। procurer, pimp, master of harlots.

**भँड़ुआ bhāruā** *adj* भाँड़(खापड़ि)मे भूजि कूटल गेल (चाउर)। (rice) husked after parching.

**भँड़ुकी bhārukī** *See भँड़कुइँ।*

**भँड़ेर bhārer** *n* भाँड़क ढेर। heap of earthen vessels.

**भड़ैत bharait** *adj* किरायादार। tenant.

**भँड़ैती bāraitī** [भाँड़-] *n* भाँड़ अर्थात् विदूषकक काज; अश्लील कथा बजनाइ, अश्लील चेष्टा। obscene/indecent talk and action as is done by clowns.

**भणित bhanit** *adj* रचित, विरचित। composed, written. **भणिता** *See भनिता।* **भणिति** *n* रचना। composition, poem.

**भण्टा bhanṭā** *See भाँटा।*

**भण्ड bhand** *adj* अश्लील। obscene.

**भण्डा bhandā** [भाण्ड] *n* माटिक बासन। earthen vessel. ~ **फूटब** *vi* गुप्त पाप प्रकट होएब। (said of sins committed in secret) be disclosed/exposed. **-फोड़** *n* रहस्योद्घाटन। exposure.

**भण्डार bhandār** *n* 1. *See भँड़ार।* 2. सञ्चय। stock, deposit. ~ **कोन** *n* वायुकोण। the north-west direction. **भण्डारा** *n* साधु-सन्तक भोज। feast given to saints. **भण्डारी** 1. *n* भण्डारपाल। storekeeper. 2. [VR] एक राजकीय अधिकारी। an official.

**भण्डूल bhandūl** *n* विघ्न। disturbance.

**भत° bhat°** [*w* of भात] *n* भात। boiled rice. *See* below.

**भतखै bhatkhai** [भात खाएब] *n* 1. विवाहक एक विधि जाहिमे कन्या-पक्षक लोक वर-पक्षक लोककेँ भात खोअबैत छथि; *Cf सोजन।* formality of feeding boiled rice first time to one's new relatives after marriage. 2. परस्पर भात खएबाक व्यवहार। mutual relation of eating rice in each other's kitchen.

**भतखौक bhatkhauk** *adj* परस्पर भात खएबाक व्यवहार बाला। those having relationship of taking cooked food together.

**भतबरी bhatbari** *n* भात बारब, कोनो अपराधेँ ककरो ओतए भात खएबासँ सामूहिक परहेज। stopping to eat rice at someone's house as a social punishment.

**भतबानी bhatbāni** [भक्तापन?] *n* नव सम्बन्धीकेँ पहिल बेर अपना सङ्ग भात खोआएब। *See सोजन।*

**भतभुलुक bhat-bhuluk** *adj* भातपर भुलएनिहार, भातक प्रेमी। one who is fond of rice.

**भतभोज bhatbhōj** *n* 1.भातबाला भोज जे केवल सोजनिआ खाइत अछि। banquet where cooked rice is served and only kinsmen are invited.

**भतरासि bhatrāsi** [भक्तराशि] *n* एक पाबनि। a festival.

**भतरोइँ bhatrōi** [भ्रंशरोम] *n* अत्यन्त छोट आ पातर रोम जे मानव शरीरमे कतहु-कतहु पसरल रहैत अछि। very fine and small hairs grown on certain parts of human body. Also **भतरोइऔं।**

**भतहा bhat-hā** *adj* भातक प्रेमी। one who is fond of rice.

**भतलोह bhatlōh** *n* मृदु हीन कोटिक लोह जाहिसँ तेज धारवाला हथिआर नहि बनि सकैछ। mild iron.

**भतहुल्लुक bhat-hulluk** *See भतभुल्लुक।*

**भतार bhatār** [भर्तारि-] *n* स्वामी। husband.

**भतिजी bhatijī** [भ्रातृज-] *n* भाइक बेटी। brother's daughter. **भतीजा** *n* भाइक बेटा। brother's son. **भतीजी** *See भतिजी।*

**भतैर bhatair** *n* भातक उबटन। an unguent made of boiled rice for cleaning skin.

**भतोल bhatōl** (slang) *adj* मूढ़। simpleton.

**भत्ता bhattā** [भक्तक] *n* 1. भोजनार्थ देल गेल अन्न वा टाका; विशेषत: कर्मचारीकेँ वेतनक अतिरिक्त कोनो विशेष प्रयोजनसँ देल गेल राशि। 'provision for food', allowance in addition to pay for specific purposes. 2. फेरा, गुन, तह। windings; 3. कोल्हुक चारू कात बनाओल माटिक आरि। ridge made around oil crusher. Also **भत्ती।**

**भत्थर bhatthar** *adj* भोथर, मन्द। dull.

**भथब bhathab** [भ्रष्ट-] *vi* तट आदिक शिथिल भए नीचाँ खसब। sink down, collapse. **भथन** *n*.

**भथम bhatham** *n See भथन।*

**भथम्मरि bhathammari/°mair** [भ्रष्टाम्बरी] *adj* जकरा अपन देहक वस्त्रो सम्हारबाक चेष्टा नहि हो, अलबटाहि, अपरोजक। careless/clumsy woman who does not heed even her indecently slipping sari.

**भथान bhathān** *n* भथल स्थान। place sunk down. Also **भथार**।

**भथिआन bhathiān** [वस्तिस्थान] *n* पेड़ू। pelvis. Also **भथिहान**।

**भदबरिआ bhadbariā** *adj* भदबारिमे भेल। relating to rainy season.

**भदबा bhadbā** *n* श्रवणासँ रेवती धरि पाँच नाक्षत्र दिन जाहिमे किछु कार्य वर्जित अछि। five days from श्रवणा to रेवती believed to be inauspicious for some works. 2. (*लाक्ष*) बाधा। (*fig*) interruption, hurdle.

**भदबारि bhadbāri** [भाद्रपदिक] *n* भादब ओ तकर आस-पासक समय, वर्षा ऋतु। the season of or around the month of भाद्रपद, rainy season.

**भदबी bhadbī** *See भदै।*

**भदरसुक्खू bhadarsukkhū** *See भदरसोख।*

**भदरसोख bhadarsōkh** [भाद्रशुष्क] *adj* भादबक सुखाएल (धान) जे कम उपजैत अछि। (paddy crop) remaining dry during भादब।

**भदरा bhadrā** *n* भादबमे उपजनिहार (धान)। (rice) harvested in भादब (rainy season).

**भदेस bhadēs** [भद्रदेश] *n* अभद्र लोकबाला प्रदेश। backward locality.

**भदै bhadai** [भाद्रपदीय] *n* भादबमे उपजल (अन्न)। crop of rainy season.

**भदैआ bhadaia** *adj See भदै। n* कोकटी बाङ। a fine variety of coloured cotton. *Cf कोकटी।*

**भद्दा bhaddā** *adj* कुरूप, अभद्र, अश्लील। indecent, ugly, clumsy.

**भद्र bhadra** *adj* सभ्य, शिष्ट; शुभ। decent, affable, courteous. **-पुरुष** *n* भलमानुस। gentleman.

**भद्र² bhadra** [VR] *obs n* 1. एक राजपूत-वंश। a clan of राजपूत। 2. एक सहजिआ सन्त। a saint of सिद्ध cult.

**भद्रभमरी bhadra-bhamarī** [VR] *obs n* एक सहजिआ सन्त। a saint of सिद्ध cult.

**भद्रा bhadrā** *n* फलित ज्यौतिषमे किछु वर्जित तिथि। some moon-days considered evil in astrology.

**भनइ bhana-i** *See* under *भनब।*

**भनकब bhankab** *vi* भन-भन ध्वनि करैत मड़राएब। hover with humming/buzzing sound. *Ex भात पर माछी भनकैत अछि "Flies are hovering on rice"*. **भनक** *n* 1. भन-भन ध्वनि। humming sound. 2. सङ्केत, आभास, आहट। sign, sense, smell. Also **भनकी**।

**भनगी bhangī** *n* कुसिआरक एक प्रभेद। a variety of sugar cane.

**भनब bhanab** [भण-] *obs vt* 1. कहब। say, state. *भन, भनइ, भनहि "कहैत छथि। says."* 2. रचब, काव्य बनाएब। compose. *कौआ मूह न भनिअए बेद "No Veda can come from crow's mouth."*

**भनबैआ bhanbaiā** *adj* आत्मप्रशंसक। self praising.

**भनबैका bhanbaikā** *adj* लोकबीच बहुचर्चित। hightly talked of.

**भनभनाएब bhanbhanāeb** *vi* 1. माछी जकाँ भन-भन ध्वनि करब। hum, buzz. 2. अव्यक्त स्वरमे स्वगत बाजब। mutter. भनभनी *n*.

**भनर-भनर bhanar-bhanar** *ono* माछी आदिक ध्वनि; निरर्थक बजबाक ध्वनि। humming sound, muttering.

**भनसरा bhansarā** *See भनसार।*

**भनसा bhansā** [महानस] *n* भानस, पाक। cooking. **°घर** *n* पाकशाला। kitchen.

**भरसार bhansār** [भाण्डशाला] *n* 1. भानसक घर। kitchen. 2. भण्डार-घर। ware house. 3. (नेपालमे) वित्त-विभागक कार्यालय। treasury.

**भनसिआ bhansiā** *n* भानस कएनिहार, पाककर्ता। cook.

**भनहि bhanahi** [भल-हिं] *adv* बरु, जैओ। even if, notwithstanding. *Ex भनहि कष्टकर हो, हम ई काज करबे करब "बरु कष्टकर होअओ तैओ…। even if it is hard to do, I must do it."*

**भनित bhanit** [भणित] *obs adj* कहल; रचित। said, stated, composed. *n* रचना, कृति। composition, work (poem). **भनिता** [भणयिता] *n* 'रचनाकार'. गीतक अन्तिम पाँती जाहिमे रचनाकार अपन नामोल्लेख *भन, भनहि* इत्यादि शब्दक सङ्ग करैत छथि।

'composer', last stanza in a lyric which contains poet's name with the word भनहि।

**भने bhane** [भलें] *adv* 1. भल भेल जे। for good, fortunately. *Ex भने अहाँ चेताए देलहुँ, नहि तँ ….। "Fortunately you warned me; otherwise."* 2. *See भनहि।* 3. नीक जकाँ, बिनु असुविधाक। without trouble. **-ना, -निके** *rep.*

**भफाएब bhaphāeb** [भाफ-] *nvi* भाफ छोड़ब। steam out.

**भबब bhabab** *vi* नीक लागब, रुचब। be pleasing; befit.

**भभकब bhabhkab** *vi* सहसा तेज दुर्गन्ध छोड़ब। stink. **भभक** *n* sudden emission of stench.

**भभका bhabhkā** *n* 1. दारू चुअएबाक पात्र, आसवन-उपसाधन। distilling apparatus, still, retort. 2. भट्ठी। distillery.

**भभकाएब bhabhkāeb** *vi* दुर्गन्ध छोड़ब। stink.

**भभकी bhabhkī** *n* धमकी। threatening bluff.

**भभटपन bhabhaṭpan** *See भाभट।* Also **°पना, °पनी, भभठ°**।

**भभड़ब bhabhṛab** *vi* लसि (संसक्ति) नहि रहने खण्ड-पखण्ड होएब। slack, disintegrate.

**भँभरा bhābhrā** *n* छोट पुल। culvert.

**भभसब bhabhsab** *vi* अङ्गक फुलफुलाह-सन होएब। have slight swelling.

**भभाएब bhabhāeb** *ono vi* ध्वनिक सङ्ग अन्न आदिक निरन्तर धारामे खसब। fall noisily (as foodgrains when poured down). *Ex* कोठीक मुह खुजितहि धान भभाए लागल। *"As the outlet was unsealed, rice started to rush out noisily." भभाएकेँ हँसब "to guffaw."*

**भभारा bhabhārā** *n* सामूहिक ठहाका। laughter in a group.

**भभास bhabhās** *See भभसब।*

**भमब bhamab** [भम-] *obs vi* भ्रमण करब, बुलब: (भमराक) उड़ब। hover, wander.

**भमर bhamar** *obs n* 1. भ्रमर। black bee. 2. जल-प्रवाहक भाउरि। whirlpool.

**भमरा bhamrā** *n* 1. *See भमर* (1). 2. छोट पुल। culvert. 3. भम्हरा, एक विषदंशी पतङ्ग। a kind of wasp, carpenter bee.

**भम्ह bhamh** *n* उदास निर्जन स्थान। lonely dreary/dismal place. *Cf भकोभम्ह।* **~ पड़ब** *vi* निर्जन-निष्प्रभ होएब। become lonely and sullen.

**भम्हरा bhamhrā** *See भमरा* (3)।

**भम्होरब bhamhōrab** *vt* क्षत-विक्षत कए अनेक दंश/नोछार लगाएब। bite, scratch.

**भय bhae** *n* डर। fear. **भयङ्कर, भयाओन, भयान, भयानक** *adj* डराओन। dreadful, terrible. **भयादोहन** *n* डर देखाए लाभ उठाएब। blackmailing. **भयावह** *See भयङ्कर।*

**भर bhar** *n* 1. अवलम्ब, आश्रय, शरण। support, dependence, resort. 2. भरोस, वल, सहारा। reliance, backing. 3. भार, बोझ। weight. 4. एक प्राचीन जाति। a caste of past. 5. दिशा। direction. *पच्छिम भर "पश्चिम दिस। to/toward west."*

**भरका bharkā** *n* धानक एक कीड़ा। a paddy-pest.

**भरखरि bharkhari** *adv* प्रचुरतया, व्यापक रूपेँ। abundantly. *Cf नेपाली भरखर।*

**भरगर bhargar** *adj* बेर पर रक्षा कएनिहार लोकसभसँ युक्त, निर्भरयोग्य। reliable.

**भरण bharaṇ** *n* 1. भरनाइ। filling. 2. पालन-पोषण आदि आवश्यकताक पूर्ति। maintenance, support. 3. आपूर्ति। supply. **-पोषण** *rep.*

**भरणी bharaṇī** *n* द्वितीय नक्षत्र। the second constellation; *See* T. III.

**भरत bharat** *See भरदूआ।*

**भरत² bharat** *n* कच्चा इनार। mud-well.

**भरता bhartā** *n* चोखा, साना। crushed vegetable.

**भरतार bhartār** *n* भर्ता, पति। husband.

**भरती bhartī** *n* 1. पूर्ति, भरनाइ। filling. 2. बहाली, नामाङ्कन, प्रवेश। recruitment; admission, enrolment.

**भरथरी bhartharī** [भर्तृहरि] *n* एक राजा। a king.

**भरथा bharthā** *n* भरदूआ, एक पक्षी। a bird.

**भरदुतिआ bhardutiā** *See भातृद्वितीया।*

**भरदूआ bhardūā** [भरद्वाज] *n* एक पक्षी। a bird, skylark.

**भरद्वाज bharad-vāj** *n* 1. एक गोत्रप्रवर्तक ऋषि। a mythical sage; the originator of भारद्वाज गोत्र। 2. भरदूआ पक्षी। skylark.

**भरन bharan** *n* 1. *See भरण।* 2. नीच स्थानमे बाढ़िक माटि भरलासँ गठित भूमि जे विशेष उर्वर होइत अछि। land formed with clay deposited through flood. 3. मृत-नदी-तल। dead river bed.

**भरनए bharnae** *See भराठ।*

**भरना bharnā** [भरण] *n* भूमि आदि सम्पत्तिक बन्धक। mortgage, hypothecation, pledge.

**भरनाठी bharnāṭhī** [भरणयष्टि] *n* कोल्हुक लाइनि। oilman's stirring stick.

**भरनि bharani/° rain.** *n* 1. भरनाइ, पूर्ति, भरण। filling. 2. बाढ़िमे आएल माटिक सञ्चय। deposit of clay carried by flood.

**भरनी bharnī** *n* 1. वस्त्र बिनबामे सूतक चौड़ा-चौड़ी भराइ। woof in weaving cloth. 2. *See भरणी।*

**भरब bharab** *vi* पूरित होएब। be full/filled up. *vt* 1. खाली स्थानक पूर्ति करब। fill, supply, replenish, stuff. 2. देय चुकाएब। discharge, satisfy (debt etc).

**भरम bharam** *n* भ्रम, मिथ्या ज्ञान; स्खलन। mistake; misunderstanding, fault, illusion.

**भरमब bharmab** *vi* 1. भ्रान्त होएब, अयथार्थकेँ यथार्थ बूझब। be illusioned, have false notion. 2. भटकब, भोतिआएब। go astray, wander. 3. भ्रमण करब। roam, travel. 4. क्षणिक निद्रामे पड़ब। doze. **भरमाएब** *cau.*

**भरमाभुस bharmābhus** *adj* निश्चेष्ट। motionless.

**भरमाहु bharmāhu** *adj* भ्रमजनक। misleading.

**भरल खेत bharal khet** *adj* उर्वर बनाओल खेत। well-manured field.

**भरली साँझ bharlī sājh** *adv* चढ़ैत साँझक समय। in the very evening hour.

**भरसह bharsah** *n* भारी वस्तु उठएबामे आंशिक भार अपना पर लए सहायता कएनाइ। aid in lifting heavy load. **भरसहा, भरसाहा** *adj* भार सहबामे समर्थ। strong enough to bear load. *n* 1. भार-वाहक खाम्ह/पाया। load-bearing post/column. 2. पाढ़ि। beam.

**भरहर bharhar** [VR] *obs n* एक भिखारि सन्त। a mendicant.

**भरहा bharhā** *adj* भार(3)मे आएल (सनेस आदि)। relating to भार (q.v.).

**भराइ bharāi** *n* 1. भरबाक क्रिया। filling. 2. भरबाक पारिश्रमिक। wage for filling.

**भराएब bharāeb** *vt cau* of *भरब।*

**भराठ bharāṭh** *n* माटि भरि ऊँच कएल भूमि। newly raised ground.

**भरि bhari/bhair** *n* एक टाकाक बराबरि तौल, भारक एक मान। a unit of weight; *See* T.IV. *adv* पूर्ण कए, पूरा व्याप्त कए। to the full extent of. *Ex भरि मुट्ठी चाउर अथवा मुट्ठी भरि चाउर "ततबा चाउर जतेक मुट्ठीमे अँटि सकैत अछि। A handful of rice". राति भरि "सम्पूर्ण राति। Whole night".* **~ पाएर** *adv* पूरा डेग बढ़बैत, यथाशक्ति द्रुत गतिमे (चलब)। (walk) in full steps. **~ पोख** *adv* पूर्ण मात्रामे। to full extent, to full satisfaction. **~ मुह** *adv* 1. मुह खोलि, निःसंकोच (बाजब)। (speak) with full throat. 2. अपेक्षानुरूप। to full satisfaction.

**भरिआ bhariā** *n* भार उघनिहार; विशेषतः सीक पर टाङि सनेस लए गेनिहार जन। porter; carrier, *spl* one who carries भार(3)।

**भरिआएब bhariāeb** *nvi* 1. भारी/गम्भीर होएब। be heavy/serious. 2. भारी बनब, अगधाएब। be haughty. *vt.* अधिक गुरुत्व देब। give much weight, exaggerate.

**भरिगर bharigar** *adj* अधिक भारी, गुरुतर। heavy, weighty.

**भरित bharit** *adj* भरल। filled, full.

**भरिसक bharisak** *adv* सम्भवतः, प्रायः। perhaps, may-be.

**भरी bharī** *See भरि(n)।*

**भरुआ bharuā** *adj* भीतरमे किछु भरिकेँ बनाओल (अचार/पकमान)। (pastry etc) prepared by putting something inside.

**भरुका bharukā** *See बडुका।*

**भरेँ bharẽ** *adv* भार/बल पड़ैत। against, facing.

**भरेठ bhareṭh** *See भराठ।*

**भरोस bharōs** *n* 1. आशा, विश्वास। trust, reliance, confidence, hope.

**भर्ता bhartā** *n* 'भरणकर्ता', पति, स्वामी। supporter, husband.

**भर्त्सन bhartsan** *n* गञ्जन, डाँट। rebuke,, reproach. Also **भर्त्सना। भर्त्सित** *adj.*

**भल bhal** *adj* नीक। good. *n* शुभ, कल्याण, हित। well-being, the good. **°मनसाहत** *n* सद्व्यवहार। good behaviour. **°मन्दा** *adj* ने नीक ने अधलाह, मध्यम कोटिक। fair, neither good, nor bad. **°मानुस** *n* 1. नीक लोक, भद्रजन। gentleman, gentry. 2. विशेषत: मैथिल ब्राह्मणक समाज-व्यवस्थामे कुलीन मानल गेनिहार लोक; *विप जबार।* a man of high social status in the hierarchy of Maithil Brahmans. **भला** *int* अवश्ये। indeed. *Ex भला अपने-सन लोक कतए भेटत ''अवश्ये अपने-सन लोक दुर्लभ अछि। indeed man like you is rarely found."* **भलाइ** *n* हित, उपकार, कल्याण। well being, welfare. **भलें** *See भने।*

**भव bhab** *n* 1. संसार। world. 2. उत्पत्ति, उद्‌भव। origination. 3. शिव। Lord-Shiva. **°भव** *adj* उत्पन्न। born. *Ex सत्कुलभव ''नीक कुलमे उत्पन्न। born in a good family."*

**भवदीय bhabdie** *adj* अपनेक। your.

**भवन bhaban** *n* घर, मकान, आलय। house, building, palace, campus.

**भवानी bhabānī** *n* पार्वती। wife of Lord Shiva.

**भवितव्य bhabitabya/°tabb** *n* अवश्यम्भावी घटना; भाग्य, नियति। fate, destiny.

**भविष्य bhabikhya** *adj* आगाँ घटित भेनिहार, भावी, आगामी। ensueing, would-be, future. *n* 1. आगामी काल। future time/tense. 2. भवितव्य, भाग्य। fate. 3. अग्रिम सम्भावना। prospect, future scope. **-वाणी** *n* की होएत से पहिनहि कहि सुनाएब। foretelling. Also **भविष्यत्।**

**भव्य bhabya** *adj* 1. नीक भविष्यवाला, होनहार, लुलुहार। promising, prospering. 2. सुन्दर, मोहक, रम्य। lovely, attractive, splendid, magnificent, stately.

**भसकब bhaskab** *vt* भस् ध्वनिक सङ्ग वायुत्याग करब। pass wind with hissing sound.

**भसब bhasab** [भ्रंश-] *vi* 1. प्रवहमान जलमे भाठि दिस बढ़ब, दहाएब, भासब। be swept away. 2. जलमे विसर्जित वा प्रवाहित कएल जाएब (जेना पूजित प्रतिमाक)। be immersed.

**भसम bhasam** *See भस्म।*

**भसाएब bhasāeb** *vt* जलमे/नदीमे प्रवाहित करब। dispose of by throwing into a stream; immerse.

**भसाओन** *n*. पूजाक पश्चात् प्रतिमाक जलाशयमे प्रक्षेप। immersion of image after worship.

**भसाठ bhasāṭh** *n* 1. बाढ़िमे भासिकें आएल माटिक सञ्चय। soil deposited by flood. 2. दहाएकें आएल काठ। wood come adrift. Also **भसाठी।**

**भसान bhasān** *See भसाओन।*

**भसिआएब bhasiāeb** *See भासब।*

**भस्म bhasma** *n* 1. काठ आदिक जरलापर बचल अवशेष, छाउर, राख। ashes. 2. ओ आयुर्वेदक रसायन जे धातु ओ हाड़कें जराए बनाओल जाइत अछि। Ayurvedic medicine in the form of oxide. **°सात्** *adj* जरिकें राख भेल। reduced to ashes. **भस्मावशेष** *adj* केवल भस्म रूपमे बचल, दग्ध। remnant after consumed by fire.

**भहरब bhah-rab** *vi* लसि समाप्त भए गेला पर खण्डश: कणश: विघटित होएब। slack, shatter, disintegrate.

**भहुँ bhahũ/bhaũh** *n* भ्रू। brow.

**भाइ bhāi** [भाइअ, भ्रातृक] *n* भ्राता (मुख्यत: सम्बोधनमे, अन्यत्र *भाए*)। brother (usually in address, otherwise भाए).

**भाउ bhāu** *obs n* भाव। feeling, sentiment. *vi pt* भाओल, नीक लागल। was liked.

**भाउजि bhāuji** [भ्रातृभार्या] *n* जेठ भाइक स्त्री। elder brother's wife. (but in address भौजी).

**भाउरि bhāuri** [भ्रमरिका] *n* 1. परिक्रमा; विशेषत: विवाहक समय होमाग्निक। making rounds, patroling; *spl* circumvention of sacrificial fire during marriage. 2. जलधाराक नर्तन। whirlpool, vortex. **~ कली** *n* कोल्हुमे बड़दक कान्हलगक कड़ी। a ring by the side of bull's neck in oil crusher.

**भाउली bhāuli** *n* ओ जमीन जकर लगान नगद नहि, उपजा रूपमे बान्हल अछि। land held on produce-rent.

**भाए bhāe** *n* भ्राता। brother.

**भाओ bhāo** [भाव] *n* 1. बजारमे मूल्यक स्थिति। market trend. 2. दर। rate. 3. भावाभिनय, आङ्गिक प्रदर्शन। show of gesture. 4. भगताक देहमे देवताक प्रवेश। descent of divine spirit in devotee's body. **~ खेलाएब** *vt* देहमे देवताक आगमन देवता-जकाँ अलौकिक चेष्टा करैत संगीक गोहारि करब। being obsessed with some divine spirit

display divine gesture and treat patients as a sorcerer.

**भाओब bhāob** *vi* प्रिय लागब। be pleasing.

**भाँओर bhā̃or** *n* कमारक वार्षिक पारिश्रमिक। annual wage of village carpenter.

**भाकुर bhākur** *n* एक माछ। a fish.

**भाखब bhākhab** [भाष-] *obs vi* बाजब।

**भाखल bhākhal** [VR वाष्कल] *obs n* एक आयुध। a weapon.

**भाखा bhākhā** [usually spelt as भाषा] *n* speech; language.

**भाग bhāg** *n* 1. भाग्य, अदिष्ट, नियति, विशेषतः नीक भाग्य, सौभाग्य। fate, fortune. 2. अङ्ग, अवयव। part, parcel. 3. बाँट, बखरा, हिस्सा। share. 4. उत्तराधिकारमे अंश। Extent of right in inheritance. 5. गणितक चारि मुख्य क्रियामे एक, विभाजन। division in arithmatic. 6. कात, पार्श्व, पक्ष। side. *adv* सौभाग्यवश। fortunately. *Ex भाग अहाँ ओ गाड़ी नहि पओलहुँ; ओ तँ दुर्घटनाग्रस्त भए गेल "Fortunately you did not catch that train...."* **-फल** *n* भाग देलापर निकलल संख्या। quotient. **°मन्त** *adj* भाग्यवान्। fortunate.

**भागब bhāgab** [भङ्?] *vi* 1. पड़ाएब। flee, run away. 2. फरार होएब। abscond.

**भागवत bhāgbat** *adj* विष्णुभक्त। devotee of Lord Visnu.

**भागिन bhāgin** [भागिनेय] *n* बहिनिक बेटा। sister's son. Also **भागिनेय**।

**भागी bhāgī** *adj* 1. हकदार: दायित्ववान्। entitled, involved, responsible. 2. अंशधारी। partner, shareholder.

**भागीरथी bhāgīrathī** *n* गङ्गा नदी। the holy river Ganga.

**भाग्य bhāgya** *n* तकदीर। lot, fate, fortune.

**भाङ bhāṅ** *n* 1. एक झाड़ जकर पात मादक होइत अछि, विजया। hashish, a variety of hemp of which intoxicating drink is made; *Cannabis Sativa*. 2. उपर्युक्त झाड़क पातसँ बनल मादक पेय। drink prepared with leaves of भाङ।

**भाङठ bhāṅaṭh** [भग्नभ्रष्ट] *n* 1. टूट-फूट। wear and tear, disorder. 2. बाधा। impediment. *Cf भङठब।*

**भाङब bhāṅab** *vt* भङ्ग करब, तोड़ब, फोड़ब। smash, shatter.

**भाङ्गल bhāṅgal** [VR] *obs adj* धसल। sunk.

**भाँज bhā̃j** *n* (सहकारी कृषिकर्ममे) हर, गाड़ी, बड़द आदिक उपयोगक पार। (in collaborative working) turn of using common asset, i.e. plough, ox, cart etc. *Cf भजैत, भजार।*

**भाजक bhājak** *adj* बँटनिहार, फुटओनिहार। divider. *n* गणितमे ओ राशि जाहिसँ कोनो राशिकेँ भाग देबाक हो। divider.

**भाजन bhājan** *n* 1. पात्र, बासन; विशेषतः पूजाक सराइ-पुड़ी। receptacle, basin, pot, container; *spl* small one used in worship. 2. तद्योग्य। worthy, deserving. *Ex विश्वासभाजन "विश्वास करबाक योग्य, विश्वसनीय। deserving trust, trustworty."*

**भाँजब bhā̃jab** *vt* सञ्चालित करब; विशेषतः खेलमे कौड़ी/पासा फेकब; अस्त्र-शस्त्र विनु लक्ष्यक हवामे चलाएब। throw, dart, wave, hurl, toss.

**भाँजि bhā̃ji/bhāij** *n* सुराग, डोरि, सूत्र। clue, trace, trail, track.

**भाज्य bhājya** *n* गणितमे ओ राशि जे विभाजित करबाक हो। dividend.

**भाट bhāṭ** [भट्ट] *n* 1. दसौन्ही, चारण। bard, chronicler. 2. एक जाति। a caste.

**भाँटा bhā̃ṭā** [वृन्ताक] *n* एक तरकारी, बैगन। egg-plant; *Solanum melongena*.

**भाटा bhāṭā** *n* 1. *See* भाँटा। 2. लहरिक नीचाँ खसब; *विप जोआरि।* ebb, low tide.

**भाँटि bhā̃ṭi/bhāiṭ** *n* बनतुलसी, एक झाड़। a herb; *Volkameria infortunata*.

**भाँटिन bhā̃ṭin** *n* गोल पैघ भाटा। round and big variety of brinjal.

**भाठ bhāṭh** *n* 1. *See भाठि।* 2. *See अगाओँ।* 3. खरिहानमे छूटल-छिड़िआएल अन्न। scattered grain left out in a barn.

**भाठि bhāṭhi** *n* 1. भट्ठा, निम्न/गौण स्थान। lower/downstream side. 2. निम्नस्तरक लोकबाला इलाका। locality inhabited mainly by backwards.

**भाड़ bhāṛ** [भ्राष्ट्र] *n* भूजा भुजबाक पारिश्रमिक जे भूजल अन्नक अंश रूपमे लेल जाइत अछि। parcher's share as wage.

**भाँड़ bhāṛ** [भाण्ड] *n* 1. माटिक पानिल कोहा, नौला आदि। cooking pot. 2. गाए-महिसिक गर्भाशय। womb of cattle. 3. [भण्ड] विदूषक, विपटा। joker, clown, buffoon. **-बूरर** *rep.* ~ **बहराएब** *vi* गर्भाशय बाहर आबि जएबाक रोग। suffer from dislocation of womb.

**भाँड़ब bhāṛab** *vt* भीजल धान खापड़िमे भुजब। parch soaked paddy.

**भाँड़ा bhāṛā** *See भाँड़* (1).

**भाड़ा bhāṛā** [भाटक] *n* उपभोगक प्रतिफल। rent, fare, freight.

**भाँड़ी bhāṛī** [भाण्डिका] *n* घैल फोड़ि बनाओल परबाक खोप। pigeon's nest made of broken pitcher. 2. कम्बल बिनबाक एक उपकरण। a tool for blanket-weaving.

**भाण bhāṇa** *cls n* एकपात्री नाटक। monologue drama.

**भाण्ड bhāṇḍa** *n* 1. अन्न, घृत आदि जमा कए रखबाक बासन। ware. 2. *(obs)* व्यापारक माल। commodity, stock-in-trade. **भाण्डागार** *n* भँड़ार। store, ware-house. **भाण्डागारिक** *n* भँड़ारक प्रभारी। store-keeper.

**भात bhāt** [भक्त] *n* उसनिल चाउर। boiled rice. **-मसाला** *n* एक वनौषधि। a herb.

**भाँति bhāti** *n* 1. प्रकार। kind. 2. रीति। manner.

**भातिज bhātij** [भातृ-] *n* भ्राताक बेटा। brother's son.

**भाथर bhāthar** *adj* अकर्मण्य। idle, dull.

**भाथि bhāthi** *obs See भाथी।*

**भाथी bhāthī** [भस्त्रिका] *n* हावाक झोंक दए आगि प्रज्वलित करबाक एक साधित्र। pair of bellows.

**भादब bhādab** *n* 1. छठम मास। 6th month. *See* T.III.

**भादे bhāde** [VR] *n* चौरासी सिद्धमे एक। one of the 84 सिद्ध saints.

**भादो bhādo** *See भादब।*

**भाद्र, भाद्रपद bhādra, bhādrapad** *n* 1. *See भादब।*

**भान bhān** *n* प्रतीति, बोध। appearance in mind, comprehension. *Ex हमरा भान भेल जे..... "It appeared to me that....."*

**भानस bhānas** [महानस] *n* भोजनक हेतु रन्धन। cooking. **-भात** *rep.*

**भाना bhānā** *n* बहाना। pretension.

**भानु bhānu** *cls n* सूर्य। sun.

**भान्ति bhānti** *obs See भाँति।*

**भाफ bhāph** [वाष्प] *n* तापवश धुआँ-जकाँ वायुमे उड़ैत सूक्ष्म जलकण। vapour. **भाफब** *not* भाफमे सिझाएब। boil in steam.

**भाफी bhāphī** *n* चिकित्सार्थ भाफक सेक, उनाह। fomentation.

**भाव bhāb** *obs vi prt* भबैत अछि, नीक लगैत अछि। .....appears pleasant. Also **भावए।**

**भावहु bhābahu/°bauh** *n* छोट भाइक स्त्री। younger brother's wife (for males only).

**भाविनि bhābini** [भामिनी] *obs n* पत्नी। wife.

**भाभंस bhābhans** [भाव्यंश] *n* अभ्युदय। prosperity.

**भाभट bhābhaṭ** *n* 1. याचनार्थ पसारल आँचर। fringe of sari spread for begging something humbly. 2. व्याज-लीला, व्यथा वा असमर्थताक कृत्रिम प्रदर्शन, व्याकुलतापूर्ण आग्रह। coaxing, obstinacy. Also **भाभठ।**

**भाभरी bhābharī** कृत्रिम बल-प्रदर्शन, गिदर-भभकी। bluff.

**भाभस bhābhas** See *भाभंस।*

**भाभा bhābhā** *See भभका, बकयन्त्र।*

**भामा bhāmā** *cls n* कोपवती स्त्री। intolerant lady.

**भामिनी bhāminī** *n* स्त्री। wife.

**भार bhār** *n* 1. बोझ, गुरुत्व, ओजन। weight, load, pressure. 2. प्रभार, अधिकार आ कर्तव्यक आरोपण/अर्पण। charge, entrustment of right and duty. 3. जञ्जाल, बोझ, बलाए। burden. 4. वस्तुक ओतबा मात्रा जतबा एक व्यक्ति उघि सकए। such quantity of anything as can be carried by one man. *Ex तीन भार चूरा पठाउ "Send three man-loads of rice flake."* 5. शुभ अवसर पर साँक-पट्टि पर लादि सम्बन्धीक ओतए पठाओल विविध भोज्य वस्तुक सन्देश। presentation (usally

'edibles) sent through porters hung on slings. -दोर *rep*.

**भारखम bhārkham** [भारक्षम] *adj* भार वहन करबामे समर्थ। able to bear burden.

**भारजि bhāraji** [VR] *obs n* घोड़ाक एक प्रजाति। a kind of horse.

**भारती bhārti** *n cls* 1. सरस्वती। a goddes of learning. 2. भाषा। language, speech.

**भारतीय bhārtie** *adj* हिन्दुस्तानी। Indian.

**भारसह bhārsah** [VR] *obs n* धनुषक एक प्रभेद। a kind of bow.

**भारा bhārā** *n* कोनो कर्तव्यक भार सौंपब। entrustment of some duty.

**भारी bhārī** *adj* भारिगर, अधिक ओजनबाला; पैघ, विशाल; महान्, उत्कृष्ट; प्रबल; कठिन, दुर्वह; गम्भीर, तेज, तीव्र। heavy; massive, large; great; strong; hard, acute, serious.

**भारु[1] bhāru** *adj* कष्टकर, बलाए। burden.

**भारु[2] bhāru** *n* (नेपालमे) भारतीय रुपैआ। (In Nepal) Indian Rupee. *Cf* नेरू।

**भार्गव bhārgab** [VR] *n* एक विनोदक दरबारी। an entertaining courtier.

**भार्या bhārjā** *n* पत्नी। wife.

**भाल bhāl** *n* कपार, ललाट। forehead.

**भालरि bhalari** *cls n* केराक अखण्ड पात। whole leaf of plantain.

**भालसरी bhālsari** [भालश्री] *n* 1. एक महावृक्ष जकर फूल म्लान नहि होइछ। a flower tree; *Ninsops dengi*. 2. एक धान। a rice.

**भाला bhālā** *n* दूरसँ फेकबाक एक अस्त्र। spear, lance.

**भालु bhālu/bhāul** *n* एक हिंस्र जन्तु। bear.

**भाव bhāb** *n* 1. मनोदशा, अनुभूति, अभिप्राय, आशय। feeling, conception, intent. 2. रत्यादि वासना। sentiment. 3. *See* भाओ। **भावक** *n* चिन्तक; विवेचक; पाठक। thinker, appreciator; reader; audience. **भावन** *adj* सोहाओन। pleasant. **भावना** *n* 1. चित्तोद्रेक, भावुकता। sentiment, emotion. 2. सोचनाइ, ध्यान, चिन्तन, मनन। reflection, contemplation, thinking. 3. विचार। thought, idea.

**भावी bhābi** *adj* भविष्यमे भेनिहार। coming, ensuing, happening in future, predestined. *n* 1. भाग्य, होनी। destiny, fate. 2. भविष्य। future.

**भावुक bhābuk** *adj* अनुभूतिसँ अधिक प्रभावित भेनिहार। sentimental, emotional.

**भाषण bhāsaṇ/bhākhaṇ** *n* 1. व्याख्यान, वक्तृता। speech, address. 2. बाजब, आलाप। speaking. **भाषा** *n* बोली। language. **भाषिका** *n* विभाषा। dialect. **भाष्य** *n* सूत्रग्रन्थक वा गूढ़ ग्रन्थक विशद व्याख्या। exposition/commentary *spl* of sūtras.

**भास bhās** *n* 1. स्वर, लय, गीतक धुनि। musical tune. 2. दीप्ति, चमक। splendour.

**भाँस bhās** *n* कुरकुट। garbage.

**भासब bhāsab** *vi* 1. जलक प्रवाहसँ ठेलाइत आगाँ बढ़ब। be swept away by water course. 2. बाह्य बल लगने एक दिस झुकब। lean. 3. अपन प्रकृतिसँ विचलित होएब। slip, go astray. 4. प्रकाशित होएब। flash. **भासनि** *n* भासिकेँ आएल गर्दास। garbage drifted by water. Also **भाँसा**। **भासित** *adj*.

**भासुर bhāsur** *cls adj* भास्वर, चकचक। bright.

**भास्कर bhāskar** *n* सूर्य। sun. **भास्कर्य** *n* मूर्तिशिल्प। sculpture.

**भास्वर bhāsvar** *adj* चकमक, जेना सोन-चानी। bright, glittering.

**भिक्षा bhikṣā/bhichchhā** *n* भीख। alms, begging. **भिक्षाटन** *n* घर-घर घूमि भीख माङब। begging door-to-door. **भिक्षु** *n* 1. भिखारि। beggar. 2. बौद्ध संन्यासी। Buddhist monk. **भिक्षुक** *n* भिखारि। beggar.

**भिखमङनी bhikhmaṅni** *n* महिला भिखारि। female beggar. **भिखमङ्गा** *n* भिखारि। beggar. **भिखमङ्गी** *n* भीख मङनाइ। begging.

**भिखारि bhikhāri** *n* भिक्षाजीवी। beggar.

**भिङब bhiṅab** *See* भिजब।

**भिच्छा bhichchhā** *See* भिक्षा।

**भिजब bhijab** [अभ्यञ्ज-] *vi* तितब, आर्द्र होएब। drench, be wet. **भिजाएब** *cau*.

**भिटुआ bhiṭuā** *n* नारीक स्तनक अग्रभाग। nipple.

**भिट्ठा bhiṭṭhā** *See* भीठ।

**भिड़कब bhiṛkab** *vi* सटब, विशेषतः केबाड़क दूनू पट्टाक। be shut (said of door shutter), come together. **भिड़काएब** *cau.*

**भिड़खाह bhiṛkhāh** *adj* छूतल। contaminated.

**भिड़गर bhiṛgar** *adj* लोकक भीड़बाला। crowdy.

**भिड़नी bhiṛnī** *n* डोरी लपेटबाक चरखी। a kind of reel.

**भिड़ब bhiṛab** *vi* छुआएब, स्पृष्ट होएब, सटब, टकराएब। touch, contact, confront, collide. *Ex केबाड़ भिड़ल अछि, ठेलिऔक, खुजि जाएत।* **भिड़न्त** *n* टक्कर। collision. Also **भिड़ान। भिड़ाएब** *cau.*

**भिड़िआएब bhiṛiāeb** *nvt* भीड़ी बनाएब, लपेटब, मोड़ि-मोड़ि वृत्ताकार/मालाकार बनाएब। wrap, roll.

**भिण्ड bhiṇḍ** *See भींड़।*

**भिण्डी bhiṇḍī** *n* 1. *See भींड़ी।* 2. रामझिमनी। lady's finger.

**भितघर bhitghar** [भित्तिगृह] *n* थोपल माटिक भीतबाला घर। mud-built house. Also **भितघरा।**

**भितटप्पा bhit-ṭappā** *n* भीत (छहरदेवाली) टपिकें आएल व्यक्ति, अनाहूत अवाञ्छित अतिथि। gate crasher, unwelcome guest.

**भितर bhitar** [अभ्यन्तर] *adv* अन्दर। inside, within. **°पेन** *adj* (खाम्ही) जकर जड़ि घरक भितर दिस झुकल हो। (post) leaning at bottom towards mid-house. **भितरका** *adj* आन्तरिक। internal. **भितराएब** *nvt* भितर जाएब। go deep and become invisible (as a disease). **भितरिआ** *See भितरका।* **भितरी** *n* भितरबाला भाग। interior.

**भिति bhiti** [भित्ति] *obs n* भीत, देबाल। wall.

**भित्ता bhittā** *n* 1. भीड़ी, लपेटन। roll, fold, winding. 2. हर जोतबामे दुइ सिराउरक बीच छूटल भाग। gap between two furrows in ploughing.

**भित्ति bhitti** *n* 1. भीत, देबाल। wall; plank. 2. आधार, नेओ। base, ground, foundation; canvas. **-चित्र** *n* mural painting, fresco. Also **भित्तिका।**

**भिन bhin** [भिन्न] *adj* 1. आन, पृथक्। different; separate.

**भिनकब bhinkab** *vi* 1. भिन-भिन शब्द करब। buzz. *Ex भातपर माछी भिनकैत अछि "flies buzz and hover over food."* 2. अपवित्रताक कारणें मन विरक्त होएब। (said of mind) be disgusted due to dirtiness.

**भिनगब bhingab** *vi* विलग्न/फूट होएब। detach, disjoin.

**भिन-भिन करब bhin-bhin karab** *See भिनकब।* Also **भिनभिनाएब।**

**भिनसर bhinsar** *n* बिहान, प्रातःकाल। dawn, morning. **भिनसरबा राति** *n* उषःकाल। last hours of night.

**भिनाउज bhināuj** [भिन्न युद्ध] *n* संयुक्त परिवारसँ पृथक् होएबाक विवाद/प्रक्रिया। dispute/process of division and partition in joint family.

**भिनुसर, भिनुसार bhinusar, °sār** *See भिनसर।*

**भिन्दिपाल bhindipāl** *cls n See ढेलबाँस।*

**भिन्न bhinna** *adj* 1. आन, इतर। other than, different. 2. पृथक्, अलग। separate. 3. फूटल, टूटल। broken, smashed, shattered. *n* टुकड़ी, खण्ड; एकसँ छोट राशि। fraction.

**भिरखब bhirkhab** *vi* अपवित्रता/गन्दगीक प्रभावेँ मन विकृत होएब। be annoyed with impurity/dirtiness. **भिरखा** *n* अपवित्र वस्तुक स्पर्श। contamination. **भिरखाह** *adj* स्पर्शदूषित। contaminated.

**भिरखी bhirkhī** *n* बिरखी, बड़दक एक गल-रोग। a disease of throat in cattle.

**भिरखोसराध bhirkhō sarādh** *See वृषोत्सर्ग।*

**भिलकाएब bhilkāeb** *See हुलकाएब।*

**भिलनी bhilnī** *n* भील जातिक स्त्री। woman of भील tribe.

**भिल्ल bhilla** *n* एक वन्य जाति। a tribe.

**भिषक् bhikhak** *cls n* वैद्य। physician.

**भिँसब bhĩsab** *See भेँसब।*

**भिसाँड़ bhisā̃ṛ** *See बिसाँड़।*

**भिसिण्ड bhisiṇḍ** *adj* अति विशाल (निन्दामे)। corpulent.

**भिहगर bhihgar** *adj* हृष्ट-पुष्ट देहबाला। sturdy.

**भीख bhīkh** [भिक्षा] *n* 1. भोजनार्थ याचना कए लेल दान। alms; beggings. 2. उपनयनक एक विधि, बडुआद्वारा भिक्षाटन। a part of janeu ceremony, begging by the boy being initiated.

**भीखन bhīkhan** *adj* भीषण। fierce.

**भीखि bhīkhi** *See भीख।*

**भीटा bhīṭā** *n* डीह, वासयोग्य ऊँच भूमि। high level land fit for dwelling on.

**भीठ bhīṭh** *n* धनहरसँ भिन्न उँचगर खेत। high level land not fit for paddy cultivation.

**भीड़ bhīṛ** *n* 1. मेला; बहुत लोकक सङ्गम। crowd. 2. धक्कम-धक्का, रेड़ा। rush. 3. *See भीँड़। -भड़क्का n* भीड़क हलचल। crowdiness.

**भीँड़ bhī̃ṛ** *n* माटिक ऊँच ढेर, जेना पोखरिक घारू कात। mound.

**भीड़ी bhīṛī** *n* सूत आदिक भिड़िआएकेँ बनाओल गुच्छ। wad/roll of cloth/paper etc., scroll.

**भीण्ड bhīṇḍa** [VR] *obs n* एक राजपूत-वंश। a clan of राजपूत community.

**भीत bhīt** [भित्ति-] *n* 1. सानल माटि थोपि-थोपि बनाओल देबाल। mud-built wall. 2. भित्ति। wall. *adj* डराएल। afraid, frightened.

**भीतर bhītar** *See भितर।*

**भीता bhītā** *n* पटएबालए बनाओल गहीर सिराउर। deep furrow made for irrigation.

**भीति bhīti** *n* डर। fear. 2. [भित्ति] देबाल। wall.

**भीन bhīn** *See भिन।*

**भीम bhīm** *adj* 1. डराओन। dreadful. 2. अकादारुन। gigantic. °**सेनी** *n* एक प्रकारक कर्पूर। a variety of camphor. 3. एक राजपूत-वंश। a clan of राजपूत।

**भीर bhīr** *n* कठोर श्रम। strain.

**भीरु bhīru** *adj* डरबुक, कादर। timid, coward.

**भील bhīl** *n* एक वन्य जाति। a group of tribes.

**भीषण bhīkhaṇ** *adj* भयानक। dreadful.

**भीष्म bhīkhma** *adj See भीषण। -***प्रतिज्ञा** *n* अटल प्रण। vow as hard as done by भीष्म in महाभारत tale.

**भीह bhīh** *n* डर, भय। fear.

**भुअङ्ग bhuaṅga** [भुजङ्ग] *obs n* साप। snake. Also **भुअङ्गम।**

**भुअङ्गर bhuaṅgar** [भयङ्कर] *adj* 1. डराओन। frightening. 2. आडम्बरपूर्ण, जगजगार। conspicuous, pompous.

**भुआ-पाग bhuā-pāg** कुम्हड़क मोरब्बा। jam of white pumpkin.

**भुइँ bhuĩ** [भूमि] *n* धरातल। ground. **-अओरा** *n* एक फल। a fruit. **-फोड़** *See भुमफोड़।* **भुइआँ** *adv (obs)* भूमिमे। on the floor. *n* भूतल। ground, floor.

**भुइल bhuil** *See भुल्ल।*

**भुइँहार bhuĩhār** *n* भूमिहार ब्राह्मण। a section of Brahman community.

**भुकतान bhuktān** *n* देय चुकाएब। payment.

**भुकब bhukab** *vi* 1. कुकुर-गिदर आदिक बाजब। bark. 2. (*लाक्ष*) एके बात बेरि-बेरि रटब (निन्दामे)। (*fig*) go on repeating the same thing. **भुकनी** *n* भुकनाइ। barking. **~ लागब** *vi* बेरि-बेरि कहब। tend to speak repeatedly.

**भुकभुकाएब bhukbhukāeb** *vi* (दीप आदिक) खन-खन तेज-मन्द होएब। glimmer, twinkle, shimmer. **भुकभुकी** *n.*

**भुकरी bhukrī** *n* एक घास। a grass.

**भुकाएब bhukāeb** [*cau* भुकब] *vt* बेरि-बेरि पुछि-पुछि बहुत बजबाक हेतु बाध्य करब। compel to speak much unnecessarily. Also **माथ भुकाएब।**

**भुकुर-भुकुर bhukur-bhukur** *adj* मन्द-मन्द रुकि-रुकि (बरब)। in tinkling way.

**भुक्त bhukta** *adj* 1. खाएल; भोगल। eaten, tasted, experienced. 2. (व्यक्ति) जे भोजन कए चुकल अछि। one who has taken meal; *Cf अभुक्त।* **-भोगी** *adj* जे पूर्वमे (कष्टादि) भोगि चुकल अछि। sufferer, one who has already experienced.

**भुखमरी bhukhmarī** *n* भूखसँ मृत्यु। starvation death.

**भुखल bukhal** *adj* बुभुक्षित। starving.

**भुगतब bhugtab** *vt* 1. भोगब। taste, reap. 2. चुकाएब। repay, pay off. Also **भुगताएब।**

**भुगतान bhugtān** *n* देय चुकाएब। payment.

**भुगुति bhuguti** [भुक्ति] *obs n* 1. *See भोग।* 2. भोजन। food.

**भुच्च bhuchcha** *adj* जड़, बोधहीन, मूढ़। stupid, simpleton, rude, uncivilized. Also **भुच्चड़।**

**भुज bhuj** *n* बाँहि, भुजा। arm. **-बन्द** *n* एक गहना, बाजूबन्द। armlet. **-पाश** *n* गलबाँहि। arm extended in embracing.

**भुजग bhujag** *n* साप। snake. Also **भुजङ्ग, भुजङ्गम।**

**भुजनाठी bhujnaṭhī** *n* भुजबाक काठी, लाइनि। stirrer used in parching foodgranis, parching sticks.

**भुजब bhujab** [भृज्ज-] *vt* 1. बिनु पानि देने ताप दए झूर करब। parch. 2. (*लाक्ष*) सताएब। torment. 3. छोट-छोट पातर-पातर खण्ड काटब। cut in small pieces. **भुजबी** *n* मेही कए काटल (तरकारी)। (vegetable) cut in small pieces.

**भुजा bhujā** *n* बाहु। arm, side.

**भुजाइ bhujāi** *n* भुजबाक क्रिया। parching. **भुजाएब** *cau.* **भुजाओन** *n w/w.*

**भुजाली bhujālī** *n* दबिला। chopper.

**भुजिआ bhujiā** *n* भुजिकेँ बनाओल तरकारी। parched vegetable.

**भुजुङ्ग bhujuṅg** *n* तेज रङ्गबाला। gaudy, glittering.

**भुजुङ्गी bhujuṅgī** *n* दालि परसबाक डब्बुक। big clay ladle.

**भुञ्जब bhunjab** *obs vt* भोगब। suffer, taste, experience.

**भुटकब bhuṭkab** *vi* पुलकित/रोमाञ्चित होएब। thrill.

**भुटका bhuṭkā** *n* 1. एक साग। a leafy vegetable. 2. मकोइ। raspberry; *Solnum rubrum*. 3. [पुत्रक] बच्चा, शिशु। baby, child. *Cf नेना-भुटका।*

**भुट्कुन bhuṭkun** *adj* भुट्ट आ पुष्ट। dwarfish. Also **भुटकुनमा।**

**भुटकुरब bhuṭkurab** *vi* भुटकब। thrill.

**भुटखुँट bhuṭkhūṭ** *vi* छोट देहबाला। short and slim.

**भुटाड़ि bhutaṛi** *adj* भुट्ट (निन्दामे)। dwarf (*der*). Also **भुटाँड़ि।**

**भुटाँस bhuṭās** *adj* भुट्ट-सन। apparently short (in height).

**भुट्ट bhuṭṭa** *adj* कम लम्बा, वामन। dwarf.

**भुड़कुड़ी bhuṛkuṛī** [°कुण्डी] *n* 1. अन्न रखबाक गोल कोठी। drum-like clay vessel. 2. (slang) भुट्ट। dwarfish.

**भुड़भुड़ bhuṛbhuṛ** *adj* दानादार-जकाँ फलकल (माटि)। porous and globular (soil). **भुड़भुड़ी** *n* उपर्युक्त प्रकारक माटि। soil of above description, mould.

**भुड़रब bhuṛ-rab** *vt* मन्द आँच पर अल्पमात्र भुजब। parch on low heat to make crisp. **भुड़रा** *adj* भुड़रल। parched so. **भुड़री** *n* भुड़रिकेँ बनाओल मोट बुकनी। rough powder.

**भुण्डी bhuṇḍī** *n* अङ्गा आदिमे लगाओल कपड़ाक गोली जे बटमक काज करैत अछि; *Cf मून्ही।* knob in garments.

**भुतखापड़ि bhutkhāpaṛi** *n* प्रेत-पात्र जे श्राद्धमे पाक कएलाक बाद फेकि देल जाइत अछि; (*लाक्ष*) परम अलच्छ/अशुभ लोक। earthen pot used to cook rice for offering to भूत (departed soul) and thrown away afterwards; (*fig*) person as inauspicious as the said pot.

**भुतचट्टू bhutchaṭṭū** *adj* भूतक चाटल, भूत लगने कृशकाय भेल। (man) obsessed with some ghost and as such appearing sickly.

**भुतराकस bhutrākas** *n* राक्षस-जकाँ निर्भय (लोक)। dare devil.

**भुतलग्गू bhutlaggū** *adj* 1. जकरा भूत लगैत हो। under the influence of evil spirit. 2. असाधारण चेष्टा बाला। of unpredictable behaviour.

**भुतसप्पा bhutsappā** *n* सर्परूपी भूत जकर विष लोकधारणानुसार बेरि-बेरि चढ़ैत आ उतरैत छैक। ghost in disguise of snake venom which is believed to rise and fall again and again.

**भुतहा bhut-hā** *adj* भूतक उत्पातबाला। haunted by ghosts. Also **भुतही।**

**भुतानसए bhutānsae** *n* प्रेतक उपद्रव। evil happenings caused by ghost.

**भुताह, °हि bhuṭāh, °hi** *See भुतहा।*

**भुनचट्टी bhunchaṭṭī** *n* भुन्नी, एक माछ। a fish.

**भुन्दी bhundī** *n* ऊखरि। mortar.

**भुन्ना bhunnā** *n* एक माछ, मोदिनी। a fish. **भुन्नी** *d.*

**भुभुआएब bhubhuāeb** *ono vi* अन्न आदिक ध्वनिपूर्वक धाराबद्ध खसब। flow/fall with rustling sound (said of foodgrains).

**भुमफोड़ bhumphoṛ** *adj* भूमि फाड़ि बहराएल। sprung out of the soil (not planted).

**भुमहुर bhum-hur** *n* तपत छाउर। ashes yet hot.

**भुरका bhurkā** *n* बरुका। earthen tumbler.

**भुरकी bhurkī** *n* छोट भूर। hole.

**भुरकुस्सा bhurkussā** *adj* क्षत-विक्षत। crumbled.

**भुरचोङा bhurchŏnā** *n* नीचाँ काठ उपर बाँस जोड़िकेँ बनाओल खाम्ही। timber pole joined with bamboo.

**भुरभुरा bhurbhurā** *adj* ढील (माटि)। crumbly (soil).

**भुरली bhurlī** *n* कुसिआरक एक प्रभेद। a variety of sugarcane.

**भुरसी bhursī** *See भूयसी।*

**भुरुक bhuruk** *n* भूर। hole.

**भुरुकबा bhurukbā** [भृगु] *n* भोरमे उगनिहार एक तारा। morning star, Venus.

**भुलकब bhulkab** *vi* रोमाञ्च होएब, सिहरब। thrill.

**भुलक्कड़ bhulakkaṛ** *adj* बिसराह। forgetful.

**भुलब bhulab** *vi* 1. बिसरब। forget. 2. भ्रमवश चुकब/गलती करब। err, commit mistake. 3. लोभाएब, मोहित होएब। be tempted/led away. **भुलाएब** *pass* and *cau.*

**भुल्ल bhulla** *adj* धूसर, कपिश। brown, reddish grey. **भुल्ला** *n* एक माछ। a fish. **भुल्ली** *See भुरली।*

**भुवन bhuban** *n* संसार, लोक (जे तीन मानल जाइत अछि)। universe, world.

**भुसकाएब bhuskāeb** *vt* वायुत्याग करब। pass wind.

**भुसकाँड़ bhuskāṛ** [बुसकाण्ड] *n* 1. भूसा रखबाक कोष्ठ। chaff cage, barn. 2. (*लाक्ष*) मन्दबुद्धि छात्र। (*fig*) student of low intellect.

**भुसकोल्हु bhuskōlhu** [भूसा+कोल्हु] *n* 'भूसासँ भरल कोल्हु जे एको ठोप तेल नहि देत', बुद्धिहीन छात्र (*लाक्ष*)। 'oil-crusher filled with chaff', brainless student (*fig*). Also **भुसकौल।**

**भुसखार bhuskhār** *n* भूसाक भण्डार। fodder store.

**भुसना bhusnā** *n* एक प्रकारक सिन्दूर, मोटिआ सिनूर। a kind of vermillion.

**भुसनी bhusnī** *n* ढील माटि। crumbly soil.

**भुसबा bhusbā** [बुसपाक] *n* एक पकमान। a candy made of rice-meal.

**भुसभुस bhus-bhus** *adj* ढील बान्हबाला (पिण्ड)। fragile (mass). Also **भुसभुसाह।**

**भुसरङ्ग bhusrangā** *adj* भूसा-सन रङ्गबाला, अधपक (पजेबा)। gray/under-burnt (brick).

**भुसहन bhus-han** [बुसधान्य] *n* भूसाबाला साधारण अन्न (भोज्यवस्तु), जेना भात-दालि। husked food i.e. main food rice and pulses; *opp* माछ-मांस-मिष्टान्न आदि।

**भुसहा bhus-hā** *adj* भूसाबाला। (rice) with remnant of husk. Also **भुसाह।**

**भुसौल bhusaul** *n* भुसकाँड़, भूसाघर। straw box for storing chaff.

**भुस्सा bhussā** *n* भूसा। husk, chaff. **भुस्सी** *n* मेही भुस्सा। fine husk.

**भू bhū** *n* 1. पृथ्वी। earth. 2. भूमि। land, ground. **-कमल** *n* स्थलकमल। a flower. **-कम्प** *n* धरतीक काँपब। earth-quake. **-कुम्हड़ा** *n* एक वनौषधि। a herb. **-गोल** *n* 1. पृथ्वी-मण्डल, पृथ्वीक गोलाकार पिण्ड। globe. 2. भूमण्डलक विवेचक शास्त्र। geography. **-चप्पा** *n* एक आतिसबाजी। a firework. **-तल** *n* 1. धरातल। ground level, ground, floor. 2. संसार। world. **-देव** *n* धरतीपरक देवता, ब्राह्मण। 'god on the earth', Brahman. **-पति, -पाल** *n* राजा। king. **-लोक** *n* पृथ्वी, संसार। universe, earth. **-स्पर्श** *n* केवल ऊपरी ज्ञान। only superficial knowledge.

**भूआ bhūā** *n* बिखाह रोमबाला एक पिलुआ। a worm with poisonous hairs.

**भूख bhūkh** *n* बुभुक्षा। hunger. **भूखल** *adj* बुभुक्षित। hungry.

**भूचाप bhūchāp** *n* एक फूल। a flower.

**भूजा bhūjā** [भृज्ज-] *n* सुखले भूजल अन्न। parched foodgrains.

**भूँड़ी bhūṛī** *See भुण्डी।*

**भूत bhūt** *adj* 1. अतीत, बीतल। past. 2. भेल, घटित। happened. *Ex* भूतपूर्व *"पूर्वमे भेल। happened in the past."* 3. सम्परिवर्तित। converted to; *Ex* द्रवीभूत *"द्रव रूपमे सम्परिवर्तित। converted to liquid, liquified."* *n* 1. प्रेत। ghost, spirit. 2. प्रकृतिक मूल उपादानः पृथ्वी, जल, तेल, वायु आ आकाश। five basic elements of nature in Indian philosophy. **भूतांसए** *n* प्रेतक उपद्रव। disturbance caused by evil spirits. **भूताक्षर** *n* दुष्पठ अस्पष्ट अक्षर। illegible writing (slang).

**भूधर bhūdhar** *n* पर्वत। mountain.

**भूप bhūp** *n* राजा। king.

**भूमि bhūmi** *n* 1. धरती, जमीन, खेत। earth; land. 2. आधार। ground, base. **-योग** *n* मरबाक काल भूमिक साक्षात् स्पर्श जे मोक्षदायक मानल जाइत अछि। physical contact with earth while dying believed essential for salvation of soul.

**भूमिका bhūmikā** *n* 1. आधार-भूमि, पृष्ठभूमि, नेओ। back-ground, foundation, base. 2. प्रस्तावना, उपक्रम; *विप उपसंहार*। introduction, preamble. 3. कर्तृत्व, करनी, सामूहिक क्रियामे व्यक्तिक अंश। role. 4. (नाटकमे) अभिनय, पात्रक प्रतिरूपण। representation, role (in drama).

**भूमिहार bhūmihār** *n* ब्राह्मणक एक उपवर्ग। a section of Brahmans.

**भूयः bhūyaḥ** *cls adv* आओर अधिक, ढेर। more, abundantly, amply.

**भूयसी bhūyasī** [पूर्ण शब्द full word 'भूयसी दक्षिणा'] *n* प्रचुर दक्षिणा, जे विवाह आदिमे नियमित दक्षिणाक अतिरिक्त देल जाइछ 'भूयसीं दक्षिणां दद्यात्' एहि वचनक अनुसार। ample दक्षिणा (q.v.) distributed in marriage etc. in addition to usual amount, vulgarly called *भुरसी, भूरसी।*

**भूर bhūr** *n* छेद, रन्ध्र। hole. **-भार** *rep.*

**भूरा bhūrā** *adj* भुल्ल रङ्गक, हल्लुक पिरौंछ/करिओंछ रङ्गबाला। grey, light brown. ~ **चीनी** *n* देसी चीनी जे पारम्परिक रीतिएँ बनैत अछि ओ धार्मिक कार्यमे पवित्र मानल जाइत अछि। yellow sugar prepared in old way.

**भूरि-भूरि bhūri-bhūri** *cls adv* बहुत मात्रामे। in abundance, amply, very very much.

**भूरुह bhūruh** *n* वृक्ष। tree.

**भूर्जपत्र bhūrjapatra** *See भोजपत्र।*

**भूल bhūl** *n* भ्रान्ति। mistake. **-चूक** *n* त्रुटि, भ्रान्ति। lapses.

**भूषण bhuṣaṇ/bhukhaṇ** *n* गहना, अलङ्करण। ornament. Also **भूषा**। **भूषित** *adj* .

**भूसन bhūsan** *See भूषण।*

**भूसा bhūsā** *n* 1. धान आदिक खोइचाँ। husk. 2. अन्न बटोरक समय टूटल डाँट-पात। chaff. **भूसी** *d.*

**भूसुर bhūsur** *n* 'धरती परक देवता', ब्राह्मण। Brahman.

**भृकुटि bhrikuṭi** *n* भहुँ। brow. Also **भृकुटी**।

**भृगुमत bbhrigumat** [VR] *obs n* एक प्रकारक छूरा। a kind of dagger.

**भृङ्ग bhriṅga** *n* 1. भ्रमर। black-bee. 2. पाँखिबाला कीड़ा, पतङ्ग। beetle.

**भृङ्गराज bhriṅgrāj** *See* भङरिआ।

**भृङ्गार bhriṅgār** *n* स्वर्णकलसी, सोवरना। a kind of golden jug.

**भृङ्गी bhriṅgī** *n* 1. भ्रमरी। female black bee. 2. एक बाजा। a musical instrument. 3. शिवक एक गण। an attendant of lord Shiva.

**भृति bhriti** *n* भरण-पोषण। maintenance.

**भृत्य bhritya** *n* चाकर, सेवक, अनुचर। attendant, domestic servant.

**भेक bhēk** *cls n* बेङ। frog.

**भेख bhēkh** [वेष] *n* बाना, देहक साज। make-up, costume, dress; guise, look, appearance. **•धारी** *obs n* बहुरुपिआ। mimic.

**भेज bhēj** *n* कोनो सहकारी काजमे अपना बदला पठाओल गेल बेगार वा प्रतिनिधि। substitute deputed in any cooperative work. ~ **पुरब** *vt* प्रतिनिधिद्वारा कर्तव्यपालन करब। work through substitute.

**भेजब bhējab** [H] *vt* पठाएब। send.

**भेट bhēṭ** *n* 1. श्वेत कुमुद, कल्हार। white lily; *Nymphoea lotus*. 2. साक्षात्कार, मिलन। meeting, interview. 3. [H] सनेस, उपहार। presentation. **-घाँट** *rep.* Also **भेंट**।

**भेंटकी bhēṭkī** *n* स्तनक करिआ अग्रभाग। black top part of breast including nipple.

**भेटब bhēṭab** *vi* 1. प्राप्त होएब। be received/got. 2. मिलब, साक्षात् होएब। come across. **भेटी** *n* उपहार, सलामी। presentation.

**भेंटमास bhēṭmās** *See भेट (1).*

**भेंटाड़ी bhēṭāṛī** *n* नेना-भुटका। children.

**भेंड़बा bhēṛbā** [मेषपाद] *adj* भेड़ा-सन सौंघबाला (बड़द)। (bull) having horns similar to those of ram. *n* भेड़ाक सौंघ-सन एक चिह्न जे प्राचीन हस्तलिखित पोथीमे कोनो अशुद्धिक संशोधनक सङ्केत दैत अछि, जेना ह्रस्वक उपर रहए तँ दीर्घ शुद्ध बूझू, दीर्घक उपर तँ ह्रस्व इत्यादि। wavy lines like sheep's horns found in old manuscripts over some letters denoting that the same should be

corrected in reverse way, as long vowel for short one and so.

**भेँड़ा bhēṛā** [मेष-] *n* मेष, बकरी जातिक एक रोमश पशु। sheep. **भेड़ारी** *n* भेंड़ीक/बकरीक विष्ठा। faeces of sheep/goat. **भेड़िआ धसान** *n* गड्डलिका-प्रवाह, ककरहु कोनो बाट धए चलैत देखि आँखि मुनि ओकर पाछू धरब, अन्धानुकरण। tendency to follow blindly others like sheep, mob-mentality. **भेड़िहर** *n* भेंड़ी पोसनिहार एक जाति। a caste of shepherds. **भेड़ी** *f.*

**भेद bhēd** *n* 1. अन्तर। difference. 2. मर्म, रहस्य। secret, secrecy, mystery. 3. भिन्नता, पृथक्त्व। distinciton. 4. फूट। disunion, discord. 5. भेदमूलक व्यवहार। discrimination. 6. खोलब, उद्घाटन (रहस्यादिक)। disclosure. 7. छेदब, फोड़ब, तोड़ब। piercing, breaking. **-भाव** *n* पक्षपातपूर्ण दृष्टि। partiality. **भेदन** *See* भेद (6-7). **भेदिआ** *n* गुप्तचर। spy.

**भेभच bhēbhach** [v.b]...*n* एक बाजा। a musical instrument.

**भेँभिआएब bhēbhiāeb** *vi* बकरीक बाजब। bleat.

**भेम bhēm** *n* भ्रमर जातिक एक पैघ पतङ्ग जकरा प्रन्थपमा भ्रमरसँ देल जाइछ। carpenter wasp, a beetle like black bee often contrasted by poets with it. Also **भेम्ह**। **भेम्हाइन** *n* भेम्ह-सन महक बाला। smelling like भेम्ह।

**भेर bhēr** *adj* निद्रावश/मद्यवश संज्ञाहीन। senseless, dead drunk, in dead sleep. *n* 1. बेहरी, चन्दा। contribution for a common cause/collective endeavour. 2. सहकारिताक आधार पर पार लगाए एक दोसराक काजमे खटब। rendering labour for one another by turn in cooperative way. **~ करब** *vt* कृषि आदिमे सहकारी व्यवस्था करब। serve each other on cooperative basis.

**भेरी bhērī** *n* नगाड़ा। battle drum.

**भेल bhēl** *pp/pt* of होएब to be/to become. होएब केर भूतकृदन्त/भूतकाल।

**भेला bhēlā** *n* 1. एक औषध, भल्लातक। a medicine; *See* भेलाओ। 2. एक प्रकारक परिष्कृत गुड़। a variety of raw sugar. **भेली** *d.*

**भेलाओ bhēlāo** *n* भल्लातक। Malacca bean, *Semicarpus anacardium.*

**भेषज bhēkhaj** *n* औषध। medicine.

**भेस bhēs** *See* भेख।

**भैँसब bhāsab** *vt* भौंकिकेँ भीतर घोसिआएब। thrust, penetrate, poke, drive in.

**भैआ bhaiā** [भाइ-] *n* भाइक स्नेहद्योतक सम्बोधन। (in address) dear brother. **-बाँट, भैवट्टी** *n* जेना भाए-भाएमे मेल-पाँच कए बटवारा होइत अछि, पूर्णतः समानताक आधार पर नहि, ताहि तरहक समन्वयात्मक वितरण। partition of property among brothers on the basis of convenience rather on equality; hence (*fig*) unequal distribution. Also **भैबाँट**।

**भैरव bhairab** *adj* भयानक। dreadful, terrible. *n* शिवक एक रूप। a form of lord Shiva, naked and mounted on dog. **भैरवी** *n* 1. सङ्गीतक एक रागिनी। a pattern of classical music. 2. एक देवी। a goddess.

**भैषज्य bhaikhajya** [भिषज] *n* औषध। medicine.

**भैँस bhaĩs** [महिष] *n* महिसि। buffalo. **भैँसा** *n* महिसा। he-buffalo.

**भैँसुर bhaĩsur** [भाए ससुर] *n* पतिक जेठ भाए। husband's elder brother.

**भैँसोटा bhaĩsoṭā** *n* महिसिक खाल। buffalo's hide.

**भोअङ्कर bhoaṅgar** [भयङ्कर] *adj* डराओन। frightening.

**भोआर bhoār** *adj* भोगार, लुलुहार, वर्धिष्णु। promising, prospering.

**भोआसिनि bhoāsini** *See* भावह।

**भोकना bhoknā** *n* मोट-डाँट। bulky, stout. **~ बिलाड़** *n* बिलाड़-सन हृष्टपुष्ट लोक। man as fat as a wild cat.

**भोकन्नर bhokannar** [भगन्दर] *n* गुदा-मार्गक घाओ। festula. [used only in abuse. गारिमे] *Ex* भोकन्नर फुटतौ *"You will suffer from festula."* फोसरीसँ भोकन्नर *"mole hill to mountain."*

**भोँकब bhõkab** *vt* तेज नोकबाला वस्तु गड़ाएब। pierce, prick, poke, drive in.

**भोकरब bhokrab** *vt* चीत्कार करैत कानब। scream.

**भोकसब bhoksab** [भक्ष] *vt* बहुत खाएब। eat much.

**भोकारि, °री पारब bhokāri, °rī pārab** भोकरब। scream.

**भोक्ता bhōktā** *n* भोगनिहार, सहनिहार। enjoyer, sufferer; consumer, user.

**भोग bhōg** *n* 1. अनुभवसँ सुख/दुःखक प्राप्ति। experience, enjoyment, suffering. 2. भोजन जे देवताकेँ चढ़ाओल जाए। meal offered to deity. 3. ग्रहक राशिमे स्थितिकाल। (in astrology) period of passing through a constellation. **-बन्धक** *n* सधौआ-पटौआ बन्धक जाहिमे बन्धकित धनक आयसँ सूदि आ मूर क्रमशः चुकैत जाइत अछि आ फलतः एक निश्चित अवधिमे बन्धकित वस्तु स्वतः मुक्त भए स्वामीकेँ घलटि अबैत अछि। usufructuary mortgage. **~ लगाएब** *vt* 1. देवताकेँ भोजन चढ़ाएब। offer meal to an idol. 2. (सन्तक भाखामे) भोजन करब। (in saints' language) take meal.

**भोगब bhōgab** *vt* भोग करब। enjoy, relish; taste, suffer.

**भोगार bhogār** *See* भोआर।

**भोगिला bhogilā** *n* बाड़क एक प्रभेद। a variety of cotton.

**भोगी bhōgī** *adj* 1. अपन सम्पत्तिक उदारतापूर्वक भोग कएनिहार, खएबा-पीबामे उदार। one who enjoys lavishly his possessions. 2. रसिक, विलासी। voluptuous. **भोगीन्द्र** *n* सम्पत्तिक उपभोग राजसी ढङ्गसँ कएनिहार व्यक्ति। one who spends lavishly in enjoying luxurious life *spl* in food and drink.

**°भोगी bhogi** *adj* फलाफल पओनिहार। sufferer, enjoyer. **भोग्य** *adj* भोगबाक योग्य। enjoyable.

**भोचरब bhochrab** *vt* निरर्थक दकचब। scratch.

**भोचरी bhochri** *n* बाड़क एक प्रभेद। a variety of cotton.

**भोज bhoj** 1. निमन्त्रित व्यक्ति-सभक सामूहिक भोजन। community dinner, party, banquet. feast. 2. श्राद्ध। feeding Brahmans as a part of funeral rite. **°करिआ** *n* भोज कएनिहार। host. **°खौका** *adj* भोज खएबामे विशेष उत्साही आ सामर्थ्यवान्, पेटू। fond of feast and able to surpass many in eating competiition. **°घरा** *n* ओ आङन जतए भोज हो। host's home. **°घरिआ** *n* भोज कएनिहार। host. **-भात** *rep.*

**भोजन bhōjan** *n* 1. खएनाइ। eating. 2. भक्ष्य, खएबाक वस्तु, आहार। food, meal, diet. 3. खोअओनाइ। feeding. **-छाजन, -छादन** *n* अन्न-वस्त्र। provision for food and cloth, maintenance, subsistance. **भोजनालय** *n* भोजन करबाक दोकान, होटल। hotel. **भोजनी** *n* 1. विशिष्ट व्यक्तिकेँ स्वयं रान्हि खएबाक हेतु देल गेल काँच अन्न आदि सामग्री। raw material in place of cooked meal given to special category of persons. 2. पङ्क्तिमे नहि बैसनिहार विशिष्ट व्यक्ति केँ मोटिकेँ पठाओल गेल भोजन। served plate sent to a person who is not to be fed in group.

**भोजपत bhojpat** [भूर्जपत्र] *n* एक गाछक छाल जाहि पर कागत जकाँ लिखल जाइत अछि। fine bark of birch tree; *Betula bhojpatra*. Also **भोजपत्र**।

**भोजपुरी bhojpuri** *n* एक भाषा जे मिथिलासँ पश्चिम बाजल जाइत अछि। a language spoken partly in Bihar and Uttar Pradesh in India.

**भोजैत bhojait** *n* भोज कएनिहार। one who hosts a party.

**भोज्य bhojya** *adj* खएबाक योग्य। edible.

**भोट bhōṭ** [E] *n* निर्वाचनमे मतदान। voting in political election.

**भोँट bhōṭ** *n* पेटक अँतड़ी। entrails. **~ चहकाएब** *vt* अस्त्रसँ भोँट फाड़ब (क्रोधोक्तिमे)। 'injure entrails', give vital blow.

**भोटिआ bhotiā** *adj* भोट देशक। belonging to Bhutan, Bhutanege.

**भोँटी bhōṭī** *See* भोँट।

**भोँड़ bhōṛ** *adj* अपाङ्ग। crippled.

**भोड़ही bhor-hi** *n* छोट आकारक माछ। small fishes.

**भोँड़ा bhōṛā** *n* एक माछ। a fish.

**भोण्ड bhonḍa** [VR] *obs n* एक राजपूत-वंश। a clan of राजपूत community.

**भोतड़ी bhotṛī** *See* भोँटी।

**भोतिआएब bhotiāeb** *vi* 1. भ्रमवशात् गन्तव्यसँ भिन्न बाट धरब। miss one's way, go astray. 2. (वस्तुक) नापता होएब, हराएब। be misplaced/traceless.

**भोथ bhōth** *adj* 1. मुरुछल/कुण्ठित धारबाला; *विप* तेज। blunt; *opp* sharp. 2. मन्द। dull. **भोथर** *n* मूढ़। blockhead. **भोथरब** *vi* भोथ होएब। become blunt.

**भोपल bhōpal** [VR] *obs n* एक प्रकारक नाओ। a kind of boat.

**भोम्ह bhōmha** *n* जलक वेगसँ फूटल भूर। hole made by bursting out water.

**भोम्हरब bhomh-rab** *vt* अनेक ठाम दाँत-नह-गड़ाएब। sting/bite on several points.

**भोम्हरा bhomhrā** *See* *भम्हरा।*

**भोम्हा bhōmhā** *n* तेज आ मोट ध्वनि करबाक नल, जेना जहाद, आदिमे रहैछ। horn, siren. ~ **शङ्ख** *n* बजएबाक शङ्ख। blowing counch.

**भोम्हार bhomhār** *See* *भोम्ह।*

**भोर bhōr** *n* परात। morning. *adj* 1. भोल, अबूझ, बिसराह। naive, senseless, unmindful, forgetful. 2. दानासँ रहित, मारल गेल, रुग्ण (सीस)। seedless, empty (corn). **भोरगर** *n* अधिक भोर। early morning. **भोरुक/**°**का** *adj* प्रात:कालीन। of morning hour. ~ **पहर** *n* भोरक समय। morning hours.

**भोरहर bhor-har** [भोर-प्रहर] *n* भोरक समय। morning hours.

**भोराएब bhorāeb** *vt* बिसरब। forget.

**भोराह bhorāh** *adj* दाना-रहित (बालि)। grainless (ears of crops).

**भोरुकबा bhorukbā** *See* *भुरुकबा।*

**भोल bhōl** [भोर] *adj* अल्प बुद्धि आ सरल स्वभाव बाला। naive, simple-minded. **भोला** *n* सरल स्वभावक देवता शिव। lord Shiva. (*लाक्ष*) मूर्ख। stupid. °**नाथ** *n* शिव। lord Shiva the simple-minded.

**भोस bhōs** *n* 1. केराक एक प्रभेद। a variety of banana. 2. गाछपर रहनिहार एक छोट पतङ्ग। an insect living on trees.

**भोसर bhōsar** *adj* भोथर। blunt, simpleton.

**भौं bhaū** *See* *भहुँ।*

**भौआँ डेर bhauā ḍēr** *adj* भौंह-जकाँ क्षैतिज सौंघवाला (बड़द, जे अशुभ मानल जाइत अछि)। (ox) having horizontal horns (believed unlucky). *Cf* *सरङपताली।*

**भौकी bhauki** *n* 1. भाउरि। whirl. 2. वञ्चना। ruse. ~ **देब** *vt* ठकब, हिन्दी चकमा देना। ruse, deceive.

**भौगोलिक bhaugōlik** *adj* भूगोलसम्बन्धी। geographical.

**भौजाइ bhaujāi** [भ्रातृजाया] *n* जेठ भाइक स्त्री (सम्बोधनमे नहि)। wife of elder brother (not in address).

**भौजी bhaujī** *n* भाउजि। wife of elder brother.

**भौतिक bhautik** [भूत-] *n* पृथ्वी-जल आदि प्राकृतिक पदार्थसम्बन्धी, पार्थिव, लौकिक, आधिभौतिक। physical, worldly, mundane. *opp* आध्यात्मिक। spiritual.

**भौम bhaum** *adj* भूमिसम्बन्धी। earthly.

**भौरिआ bhauriā** [भ्रमरिका] *n* 1. चक्राकार घुरमल केस, आवर्त। circuitous hairs. 2. भौरी। whirl.

**भौरी bhaurī** [भ्रमरी] *n* 1. भाउरि, फेरी, परिभ्रमण, गस्त। circumambulation, going round and round. 2. घुमि-घुमिकेँ वस्तु बेचब। peddling, hawking. 3. विवाहमे अग्निक परिक्रमण, सप्तपदी। circumambulation of fire by the couple as a token of wedding.

**भौंह bhaūh** *n* भ्रू। brow. ~ **टेढ़ करब** *vt* क्रोध करब। frown.

**भ्रंश bhraṅsh** *n* नीचाँ दिस ससरब, पतन। slipping down, dropping off.

**भ्रम bhram** *n* 1. मिथ्या बोध, गलती। mistake, misunderstanding, false notion. 2. वञ्चना, माया। illusion. 3. द्विविधा, सन्देह, संशय। doubt.

**भ्रमण bhramaṇ** *n* 1. घुमनाइ, टहलब, बुलब। roaming, walk, travel.

**भ्रमर bhramar** *n* भमरा। black bee. **भ्रमरी** *f.*

**भ्रमाह bhramāh** *adj* भ्रमजनक। dubious, ambiguous.

**भ्रष्ट bhraṣṭa** *adj* 1. ससरिकेँ नीचाँ आएल, खसल। slipped, dropped. 2. अध:पतित, पतित। fallen degraded, degenerate. 3. दुराचारी, कुकर्मी, बैमान। corrupt, dishonest. **भ्रष्टाचार** *n* कुकर्म। corruption.

**भ्राता bhrātā** *n* भाए। brother. Also **भ्रातृ**°।

**भ्रातृद्वितीया bhratridvitīya** *n* एक पाबनि जाहिमे बहिनि भाइक पूजा करैत अछि आ भाएसँ उपहार पबैत अछि। a festival in which sisters worship and feed their brothers and get presentations from them on the second day of कार्तिक शुक्लपक्ष।

**भ्रान्त bhrānta** *adj* भोतिआएल, भ्रममे पड़ल। gone astray; fallen in wrong notion. **भ्रान्ति** *n.*

**भ्रामक bhrāmak** *adj* भ्रमजनक। misleading.

**भ्रुकुटी bhrukuṭī** *n* भौंह। brow.

**भ्रू bhrū** *n* भहुँ। brow. **-भङ्ग** *n* भँहु टेढ़ कएनाइ। frown.

**भ्रूण bhrūṇ** *n* अल्प मासक गर्भस्थ शिशु। foetus.

**म** m वर्णमालाक 25म व्यञ्जन। 25th consonant of alphabet.

**मइ॰ mai॰** *See* मै॰।

**मइ ma-i** [E] *n* अङरेजी कलेण्डरक पाँचम मास। May.

**मएदान maedān** *See* मेदान।

**मएना maenā** *n See* मेना।

**मओसा maosā** [मातृष्वसा] *n* माउसिक पति। mother's sister's husband.

**मकड़गोड़ makaṛgōṛ** [मकड़ा-] *adj* मकड़ाक टाङसन टेढ़ टाङवाला। having bent legs like spider's.

**मकड़छान makaṛchhān** *n* मकड़ाक जाल। cobweb.

**मकड़ा makṛā** [मर्कट] *n* एक कीड़ा जकरा आठ टाङ आ आठ टा आँखि होइत अछि। spider. **मकड़ी** *n* 1. मकड़ाक आकारक मूठि वा छिपकिल्ली जे ऐंठिकें कल चलाओल/बन्द कएल जाइत अछि। a spider-shaped knob in simple wooden machine for starting and stopping. ~ **ऐंठब** *vt* छिपकिल्लीकें घुमाएब, (लाक्ष) काजमे विघ्न करब। wind the knob; (*fig*) put hurdle maliciously. 2. पासीक छान। foot-loop of toddyman. 3. लागनमे जोड़ल मूठि। attached handle in plough.

**मकतब maktab** [A] *n* मुसलमानक पाठशाला। Islamic school.

**मकफूल makphūl** *See* मखबूल।

**मकब makab** *vi* पशुक उमङ्गवश कुदब-फानब। (said of cattle) run and jump sportively.

**मकबरा makbarā** [A] *n* मुसलमानक कबर पर बनल स्मारक भवन। mausoleum, sepulchre.

**मकमकाएब makmakāeb** *vi* ठमकब, शिथिल/अवरुद्ध होएब। be slow, stop.

**मकर makar** *n* 1. दशम राशि। tenth sign of zodiac; *See* T.III. 2. गोहि, सौंस, ग्राह। crocodile. **-केतु, -ध्वज** *n* कामदेव। Cupid. **-रेखा** *n* भूगोलक ओ कल्पित वृत्त जे 23.30° द॰ अक्षान्तर पर पड़ैत अछि। tropic of capricorn. **-सङ्क्रान्ति** *n* ओ दिन जहिआ सूर्य मकर राशिमे प्रवेश करैत अछि (पारम्परिक गणनानुसार 14 जनवरी)। winter solstice (traditionally on 14th January).

**मकरन्द makaranda** *n* 1. पराग, फूलक केसरक गरदा। pollen/sap of flower. 2. एक प्रसिद्ध ज्योतिषी जनिक बनाओल सारिणीक आधार पर मैथिल पञ्चाङ्ग बनैत अछि। an astronomer known for compiling astronomical tables which are the base of Maithil almanac.

**मकराएब makrāeb** *vi* गतिमे मन्दी लाएब। be slow in flow.

**मकरी makrī** *n* 1. कानक एक गहना। an ornament of ears. 2. पासीक पाएरक फन्दा। **leg loop of** toddyman.

**मकान makān** [A] *n* 1. घर, भवन। **house,** building. 2. निवास। residence.

**मकुआ makuā** *n* छड़ी आदिक अङ्कुशाकार मूठि। hook *spl* of walking stick. **मकुआएब** *nvi* मकुआ-जकाँ मोड़ाएब। bend like hook.

**मकुट makuṭ** *n* मुकुट, मौर। crown.

**मकुना makunā, maukna** बाह्यदन्तहीन हाथी। tuskless elephant. **मकुनी** *f.*

**मकुनी makunī** *n* बदामक सातु भरल पूरी। a pastry, bread stuffed with सत्तू.

**मकै makai** *n* एक अन्न जकर लावा विशेष प्रशस्त अछि। maize, corn. **मकैआ** *adj* मकैक बालि-सन आकारवाला। resembling the ear of corn.

**मकोए makoe** *See* भुटका (2)। raspberry.

**मकोड़ा makōṛā** *See* मकड़ा।

**मकोना makona** *See* मकुना।

**मकोर makōr** 1. *n* बाँसक एक प्रभेद। a variety of bamboo. 2. एक फल। a fruit.

**मकौड़ makauṛ** *n* बड़का उजरा मकै। **a variety of** maize.

**मक्खन makkhan** *n* माखन, नेनु, नवनीत। **butter,** cream.

**मक्खर¹ makkhar** *n* मोस, मच्छर। mosquito.

**मक्खर² makkhar** *adj* कृपण। miser. Also **मक्खा।**

**मक्खीचूस makkhichus** [H] *adj* भारी कञ्जूस। miser.